**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ**

**ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК**

**УНИВЕРСИТЕТИ**

**Магистратура басқышы**

**Қол жазба ҳуқықында**

**Сайтов Алибек Теңелбаевич**

# Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан

**Қәнигелик: 5А220201 «Ўатан тарийхы**

**Ўатан тарийхы магистри академиялык дәрежесин алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

Магистрлик диссертация «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы» кафедрасында көрип шығылды ҳәм қорғаўға усынылды

**Кафедра баслығы: __________доцент М.Сейтимбетов**
**«__» _________2010-жыл**

**Илимий басшы _________т.и.к. доцент М.Сейтимбетов**

**НӨКИС —2010**

# М А З М У Н Ы

**Кирисиў__________________________________________3-14**

**I-Бап. Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхы (1927-1941 ж.ж.)____________________________________________15-30**

**II-Бап. 1941-1990 жылларда Қарақалпақстанда автомобиль транспортының раўажланыўы ________________________________________________31-40**

**III-Бап. Қарақалпақстанда автомобиль транспорты ғәрезсизлик жылларында (1991-2005 жыллар) ________41-72**

**Жуўмақлаў_______________________________________73-75**

**Пайдаланған әдебиятлар ҳәм дереклердиң дизими_____________________________________________76-78**

## КИРИСИЎ

**Изертлеўдиң актуаллығы**. Елимиздиң ғәрезсизликке ерисиўи менен халқымыз тарийхының жаңа басқышы басланды. Ғәрезсизлик халқымыздың өз жеринде ҳақыйқый мәнисинде еркин жасаў сезимин қәлиплестириўине, миллий үрп әдет, дәстүрлерин, қадриятларын ҳәм мәдениятын, руўхыйлығын тиклеўге мүмкиншилик берди.

Халқымыздың миллий өзлигин аңлаўы, руўхый жетилисиўи басқышында ҳақыйқый тарийхымызды тиклеў ҳәм оны кең жәмәәтшиликке жеткериў баслы ўазыйпалардың бири етип қойылды. Президент И.А.Каримов; «Өзлигимизди аңлаў тарийхты билиўден басланады. Дәлийллеўди талап етпейтуғын усы ҳақыйқатлық мәмлекет сиясаты дәрежесине көтерилиўи зәрүр»[1], - деп атап көрсеткен еди.

Халқымыздың көп әсирлик тарийхын үйрениў барысында үлкелер менен еллерди, ҳәтте континентлерди бир бирине жақынластырыўға хызмет еткен жоллар тарийхын, соның ишинде Уллы жипек жолын, суў жолларын, автомобиль, ҳаўа жоллары, темир жол транспортын үйрениў мәселесине итибар күшейе баслады. Президентимиз И.А.Каримовтың атап өткениндей; «Темир жол ҳәм автомобиль-транспорт коммуникациялары тармағы республиканың ең алыс районлары ҳәм елатлы пунктлерин өз-ара пуқта байланыстырып турады¸ халық аралық транспорт системасына шығыўды тәмийинлейди. Усының менен бирге, олар үлкемиздиң бай тийкарғы тәбийғый ҳәм минерал-шийки зат қорлары дәреклерине биймәлел жетип барыўды да тәмийинлейди».[2]

---

[1] И.А.Каримов «Тарихий хотирасиз келажак йўқ», Тошкент, 1998-ж. 5-бет.
[2] И.А.Каримов. «Өзбекстан XX әсир босағасында… Т.1997, бет 266

Елимиздиң ғәрезсиз раўажланыў жолына өтиўи менен шығыс ҳәм батыс мәмлекетлери менен экономикалық, дипломатиялық, экономикалық ҳәм мәдений байланыслардың жолға қойылыўы жол қатнаслары ҳәм транспорт тармақларына болған талаптың өсиўине алып келди. Бул өз гезегинде әсирлер даўамында адамзатқа хызмет еткен ҳәм ҳәзир де айрықша әҳмийетке ийе жол қатнасларының барлық тармақларына, соның ишинде автомобиль транспортына, оның тарийхына, бүгинги күнине ҳәм келешеги мәселесине қызығыўшылықты пайда етти. Жол қатнасларының, соның ишинде автомобил транспортының тарийхын изертлеў актуаль әҳмийетке ийе мәселелердиң бирине айланды.

Автомобиль транспорты өзиниң мазмуны жағынан ел-журтқа абаданлық бағышлайды, келешек раўажланыўын тезлестиреди. Дийхан мийнети менен жетистирилген өним, жер астынан қазып алынған қазылма байлықлар, барлық халық хожалық жүклерин мәнзиллерине тасып жеткериўде автотранспорттың хызмети айрықша.

Каракалпакстанда автомобиль транспортының пайда болыўы ХХ әсирдиң 20 жылларына туўра келеди. 1927 жылы Шымбай ҳәм \Қызыл Орда қалалары аралығында 580 шақырымнан ибарат саўда жолы қурып питкерилген. Шымбай қаласына 1927 жылы келген биринши автомобиль Францияда исленген жолаўшылар тасыйтуғын автомобиль еди. Мине усы ўақыттан баслап республикамызда автомобиллердиң пайда болыўы ҳәм раўажланыў тарийхы басланды. Оның кең пәт пенен раўажланыўы 1950 жыллардан кейинги дәўирлерге туўра келеди. Республикамызда автомобиль транпортының тарийхы 80 жылға шамалас ўақытты өз ишине алады. Усы жыллар ишинде автомобиль транспорты республикамыздың социаль-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений раўажланыўында айрықша әхмийетке

ийе болған транспорт тармақларының бирине айланды. Автомобиль транспорты тармағының бул басып өткен жолын илимий түрде анализ етиў, тарийх бетлеринде жазып қалдырыў тарийх илиминдеги актуаль мәселелердиң бири болып табылады.

**Теманың үйрениliў дәрежеси.** Республикамызда дәслепки автомобиллердиң пайда болыўы ҳаққында 1932 жылы Илимлер Академиясының Қызылқум экспедициясын басқарып Қарақалпақстанға келген атақлы геолог-алым, академик А.Е.Ферсман ″Мои путешествия″ (М.,1949) китабында жазып қалдырған. Бул ҳаққында А.Е. Ферсман өзиниң китабында былай деп еске түсиреди; ″КАО-1 Қарақалпақстан автономиялы областындағы биринши машина. Оны ҳүкимет бизлердиң қумлық арқалы жүриўимиз ушын бөлип шығарды, оған Қарақалпақстандағы ең жақсы айдаўшыны бекитти (шофер Миша). Машина жүдә жақсы болып, 40 ат күшине ийе,″[3] деп атап өтеди.

Қарақалпақстанда транспорттың раўажланыўы ҳаққында әҳмийетли материаллар республиканың тарийхшылары менен экономистлериниң мийнетлеринде баян етиледи. Бунда Т.К.Камалов ҳәм Е.К.Умаровтың ″Некоторые проблемы развития транспорта в Каракалпакии″ (Нукус, 1970) китабын атап өтиў керек. Бул китапта республикада темир жол, автомобиль суў ҳәм ҳаўа транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы, оның алдында турған ўазыйпалар экономикалық аспектте сәўлеленеди.

Қарақалпақстанда жол қатнасларының ҳәм транспорттың раўажланыўы тарийхы бойынша баҳалы материаллар еки томлық ″Қарақалпақстан АССР тарийхы″ (Ташкент, 1974) китабында топланған. Бул мийнетте қарақалпақ халқының әййемги дәўирден баслап XX әсирдиң 70 жылларына шекемги

---

[3] Ферсман А.Е. Мои путешествия. М., 1949, 97 бет.

тарийхының ҳәр қыйлы мәселелери Москва, Ленинград, Ташкент, Нөкис ҳәм басқа қалалардағы архивлерден топланған ҳүжжетлер ҳәм материаллар негизинде изертленди ҳәм тарийх илиминиң сол дәўирдеги жетискенликлери есапқа алынды. Бул китапта республикамызда автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ҳаққында төмендегише мағлыўматлар бериледи: ″Дәслепки 34 автомобиль Қарақалпақстанда 1932 жылы пайда болды, ал оннан соңғы жылы олардың саны 60 қа жетти. Автопарк жылдан жылға толықтырылды. 1935 жылы - ақ автономиялы республиканың автомобиль хожалығында 300 ден аслам автомашина болды. Транспорт жумысын шөлкемлестириўди буннан былай жетилистириў мәқсетинде 1935 жылы автомобиль, арба, шана транспорты тресты, ал 1937 жылы мартта ҚҚАССР Халық Комиссарлар Совети қапталында ″Қарақалпақтранс″ Басқармасы шөлкемлестирилди.″[4]

Изертленип атырған мәселениң айырым мәселелери республиканың халық хожалығының раўажланыўына арналған К.Рзаев ҳәм А.Тажимуратовтың ″Экономическое преобразование Каракалпакии за годы Советской власти″ Нукус, 1969), К.Рзаев ҳәм Ж. Медетуллаевтың ″Развитие экономики Каракалпакии за 50 лет (1924-1974 гг.) (Нукус, 1974) ҳәм басқа да мийнетлерде сөз етиледи.

Қарақалпақстан автотранс өндирислик бирлеспесиниң 55 жыллығына арналып Ж.Шамуратов, А. Халмуратов тәрепинен баспаға таярланған «Мәнзиллер шақырады»[5] китапта республикамызға биринши автомобильдиң келиўи, автотранспорттың тараў сыпатында қәлиплесиўи, «Қарақалпақтранстың дүзилиўи, екинши жер жүзилик урыс ҳәм урыстан

[4] Каракалпакстан АССР тарийхы. т.2. Т., 1974, б.217.
[5] Ж.Шамуратов, А.Халмуратов. Мәнзиллер шақырады… Нөкис, 1992

кейинги жыллары ҳәм бүгинги күнде «Қарақалпақтранс» өндирислик бирлеспесиниң хызмети ҳаққында бай мағлыўматлар берилген.

Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болғанының 70 жыллығына арнап Х.Худайбергенов ҳәм К.Назбергенов тәрепинен жазылған «Айдын мәнзиллер»[6] китабында республикамызда дәслепки автомобиллердиң пайда болыўына байланыслы ўақыялар, оның жетпис жыллық басып өткен жолы, автокәрханалар ҳаққында, мийнет алдыңғылары ҳәм олардың пидәкерлик хызмет жоллары ҳаққында бай мағлыўматлар топланған.

Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниң 10 жыллығына бағышлап 2001 жылы «Ташкент ислам университети» баспасында жарыққа шыққан «Ўзбекистон автотранспорти ўтмишда ва истиқлол йилларида»[7] мийнетинде республикамызда автомобиль транспортының пайда болыўы, оның басып өткен жолы, бүгини ҳәм келешеги , тармақ хызметкерлериниң мийнети ҳәм табыслары ҳаққында мағлыўматлар берилген. Бул мийнетте Қарақалпақстан Республикасында автомобиль транспортының дәслепки қәдемлери, оның раўажланыўы, тараў хызметкерлериниң пидәкерлик мийнетлери, бүгинги күни ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып атырған жумыслар, халық хожалық комплексинде оның тутқан орны ҳаққында баҳалы материаллар топланған.

«Ўзбекистоннинг янги тарихи» мийнетиниң екинши китабы «Ўзбекистон совет мустабид мустамлакачилиги даврида»[8] ҳәм үшинши китабы «Мустақил Ўзбекистон тарихи»[9] мийнетлеринде совет тоталитар мәмлекети тусында елдиң социаллық-экономикалық, сиясий турмысы,

---

[6] Х.Худайбергено,К.Назбергенов. Айдын мәнзиллер. Нөкис,2Қарақалпақстан»,1997.
[7] Қ.М.Сидиқназаров,У.В.Аҳмедов. Ўзбекистон автотранспорти ўтмишда ва истиқлол йилларида.»Тошкент истом университети»,2001
[8] Ўзбекистон совет мустабид мустамлакачилиги даврида. 2 китап. Ташкент, «Шарқ»,2000
[9] Мустақил Ўзбекистон тарихи. 3 китап. Ташкент,»Шарқ», 1999

мәденияты менен бирликте жол қатнаслары ҳәм транспорт тармақларының, соның ишинде автомобиль транспортының раўажланыўы, сондай-ақ Ғәрезсизлик жыллары елимиздиң дүнья еллери менен байланысларын раўажландырыўда жол қатнасларының тутқан орны бойынша зәрүрли материаллар берилген.

Республикамыз тарийхшыларының мийнетлериниң нәтийжеси болған «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсир басына шекем»[10] китабында қарақалпақ халқының XIX әсирдиң орталарынан баслап XXI әсирге шекемги жәмийетлик-сиясий, социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысы менен бирликте елимизде жол қатнасларының ҳәм транспорттың, соның ишинде темир жол, автомобиль ҳәм ҳаўа жолларының раўажланыўы ҳаққында да баҳалы мағлыўматлар берилген.

XX әсирдиң 70-80 жыллар басындағы ўақыяларды изертлеўде, сол жыллардағы санаат, транспорт, аўыл хожалығы ҳәм мәдений турмыстағы өзгерислерди тереңирек аңлаўда әҳмийетли мийнетлердиң қатарында ҳүрметли ел ағасы К.К.Камаловтың ″Ел хызметинде″[11] (Н., 1995) еске түсириўлерин айрықша атап өткен мақул. Бул китапта республикамызда транспорт тармақларының, соның ишинде автомобиль транспортының раўажланыўы, жаңадан тас төселген жоллар қурылысы ҳәм бул тараўда хызмет еткен мийнет алдыңғылары ҳаққында материаллар бар.

Республикамыздың халық хожалығының раўажланыўында автомобиль транспортының тутқан орны ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў ҳәм буннан былай раўажландырыў перспективалары ҳәм машқалалар ҳаққында мағлаўматлар Л.А.Ахметов, Е.Б.Балтабаев, Р.А.Насруллаев тәрепинен

[10] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XX әсирдиң екинши ярымынан XX әсирге шекем.. Нөкис, «Қарақалпақстан»,2003.

[11] К.К.Камаловтың ″Ел хызметинде″ Н., 1995

жазылған «Қарақалпақстан АССРында улыўма пайдаланыўдағы автомобиль транспортын раўажландырыў мәселелери»[12] китабында экономикалық аспектте көплеген баҳалы материаллар баян етилген.

Қарақалпақстанда автомобиль транспортының буннан былай раўажланыўында илимий техникалық жетискенликлерден пайдаланыў мәселелери Л.А.Ахметов, Е.Б.Балтабаев, Т.К.Камалов, Р.А.Насруллаев тәрепинен таярланған «Илимий техникалық прогресс ҳәм оның Қарақалпақстанның автомобиль транспортын раўажландырыўға тәсири»[13] китабында әҳмийетли мағлыўматлар топланған.

Республикамызда жол қатнаслары, соның ишинде автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ҳаққында тарийхый көз қараста арнаўлы түрде изертленген мийнетлер жүдә аз. Бул мийнетлерде бул тараўға байланыслы әҳмийетли мағлыўматлар топланғанын айтыў менен бирге автомбиль транспортының тарийхый раўажланыў жолын, оның басқышларын, мийнет алдыңғылары ҳәм олардың пидәкерлик мийнетлерин көрсететуғын арнаўлы изертлеўлерди таярлаў ҳәм баспада жәриялаў тарийхшылар алдында турған ўазыйпалардың бири болып қалып отырғанын еслетип өтиў зәрүр.

**<u>Илимий изертлеўдиң тийкарғы ўазыйпасы</u>** Ғәрезсизликке ерискеннен кейин, қоңсылас мәмлекетлер ҳәм жер жүзилик океанға шығыўды тәмийинлейтуғын ең қысқа ҳәм исенимли транспорт жолларын дүзиў мақсетинде транспорт байланысларының халық аралық системасына айырықша әҳмийет берилмекте. Дүнья еллери менен экономикалық ҳәм саўда байланысларын жолға қойыўда ҳәм ишки байланысларды

---

[12] Л.А.Ахметов, Е.Б.Балтабаев, Р.А.Насруллаев. Қарақалпақстан АССРында улыўма пайдаланыўдағы автомобиль транспортын раўажландырыў мәселелери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979

[13] Л.А.Ахметов, Е.Б.Балтабаев, Т.К.Камалов, Р.А.Насруллаев. Илимий техникалық прогресс ҳәм оның Қарақалпақстанның автомобиль транспортын раўажландырыўға тәсири. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980

раўажландырыўда транспорт коммуникацияларының, соның ишинде автомобиль транспортының тутқан орнын анықлаў, оның тарийхын, бүгинги күндеги аўҳалын анализ етиў ҳәм жуўмақлар шығарыў лазым. Усыған тийкарлана отырып изертлеўде төмендеги ўазыйпалар белгилеп алынды:

- Республикамыздың жәмийетлик- сиясий, социаллық экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўында транспорт коммуникациясының, соның ишинде автомобиль транспортының тутқан орны ҳәм әҳмийетин тереңирек ашып бериў.
- Республикамыз аймағында автомобиль транспортының пайда болыўы, дәслепки жоллар қурылысы, бул тараўда хызмет еткен хызметкерлер , жумысшылар ҳаққында мағлыўматлар топлаў.
- Екинши жер жүзилик урыс жылларында жол қатнаслары ҳәм транспорттын, соның ишинде автомобиль транспортының аўҳалын анализ етиў, жеңиске ерисиўде бул тараў хызметкерлериниң тутқан орнын, олардың пидәкерлик мийнетлерин ашып бериў.
- Урыстан кейинги жыллары халық хожалығын қайта тиклеўде ҳәм раўажландырыўда, санаат кәрханалары, қурылыс ҳәм аўыл хожалығының раўажланыўында автомобиль транспортының тутқан орнын анықлаў, бул тараў хызметкерлери менен жумысшыларының аянбай мийнет етиўи, олардың исми шәриплерин тарийх бетлеринде жазып қалдырыў.
- Ғәрезсизлик жыллары дүнья еллери менен бирге ислесиўде транспорт коммуникациясы, соның ишинде автомобиль транспорты алдында турған ўазыйпаларды ашып бериў ҳәм бул тараўды раўажландырыў бойынша әмелге асырылып атырған өзгерислерди көрсетиў.

**Изертлеўдиң тийкарғы базасы** болып миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм де идеологиясына тийкарланған теориялар ҳәм тарийхыйлық, объективлик принциплери қурайды.

Изертлеўдиң методологиялық тийкарлары Президент И.Каримовтың шығып сөйлеген сөзлери, шығармаларында алға қойылған әҳмийетли имлимий-теориялық қағыйдалар ҳәм жуўмақлардан ибарат.

**Жумыстың илимий жаңалықлары** соннан ибарат**,** бунда Қарақалпақстан Республикасында автомобиль транспортының пайда болыўы, оның раўажланыў басқышлары, бул тараўда хызмет еткен хызметкерлер ҳәм жумысшы қәнигелер, оның елимиздиң социаллық экономикалық, мәдений раўажланыўында тутқан орны тарийхый көз қараста биринши мәртебе изертлеў объекти етип таңлап алынды. Бул жумыста республикамызда дәслепки автомобиллердиң пайда болыўы, усы ўақыялар менен байланыслы жаңа мағлыўматлар, автокәрханалардың дүзилиўи, оларда хызмет еткен мийнет алдыңғыларының пидәкерлик мийнетлери, ғарезсизлик жыллары бул тараўды раўажландырыў бойынша қабыл етилген Президент Пәрманлары, Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм оларды әмелге асырыў бойынша орынланып атырған илажлар, меншик түрлериниң өзгериўи, базар механизмлериниң енгизилиўи ҳәм басқалар жаңаша көз қараста баян етиледи. Изертлеўде архив материаллары, баспа сөз мағлыўматлары, баспада жәрияланған мийнетлер ҳәм мийнет ветеранларының еске түсириўлери илимий айналысқа киргизилген.

**Жумыстың әмелий әҳмийети.** Жумыстың әҳмийети соннан ибарат, оның жуўмақлары Қарақалпақстан тарийхы бойынша комплексли илимий мийнетлерди жаратыўда, жокарғы оқыў орынларында арнаўлы курсларды

өтиўде, автомобиль транспорты мәкемелериниң тарийхын жазыўда пайдаланыўға болады.

**<u>Теманың дәўирлери</u>** XX әсирдиң 20 жылларынан баслап ҳәзирги күнимизге шекемги ўақытты өз ишине алады. Бунда 1927 жылы Қызыл-Орда аралығында автомобиль жол қатнасының орнатылыўы, 1930 жыллары республикамызда автомобиллердиң санының көбейиўи, екинши жер жүзилик урыс жыллары бул тараўдың жеңиске қосқан үлеси ҳәм урыстан кейинги жыллары автобазалардың дүзилиўи, халық хожалық комплексинде оның тутқан орнының артыўы, санаат. аўыл хожалығы ҳәм мәденияттың раўажланыўында әҳмийети, ғәрезсизликке ерискеннен соң 1991 жылдан баслап бул тараўдағы өзгерислер, шет еллер менен байланыслардың жолға қойылыўы баян етиледи. Ғәрезсизлик елимиздлиң дүнья мәмлекетлери менен дипломатиялық, социал-экономикалық, саўда ҳәм мәдений байланысларын жолға қойыўға кең мүмкиншиликлер ашып берди. Европа ҳәм Азия еллерин әсирлер даўамында байланыстырып келген «Уллы Жипек жолы» ҳәм оны тиклеў бойынша илажлар әмелге асырыла баслады. Қарақалпақстан аймағы арқалы «Уллы Жипек жолы” ның бир бөлеги болган Устирт кенислиги арқалы Конырат –Бейнеў автомобиль жолының қурылысы әмелге асырылмақта.

**<u>Жумыстың жәрияланыўы.</u>** **Магистрант тәрепинен** магистрантлардың республикалық үшинши конференциясы материаллар топламында (Нөкис-2005ж) «Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болыўы тарийхынан» илимий мақаласы баспада жәрияланды. Сондай-ақ «Устаз жолы» газетасында (30 март 2006 жыл) «Узақты жақын, аўырды жеңил еткен инсан» атамасында мақаласы жәрияланды.

**Жумыстың қурылысы**. Магистрлик диссертациясы кирисиў, үш бап, жуўмақлаў ҳәм библиография бөлиминен ибарат.

Магистрлық диссертацияның биринши бөлими «Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан» деп аталып бунда XX әсирдиң басларында жол қатнасларының жолға қойылмағанлығы, темир жол тармақлары менен байланыстың болмаўы ҳәм усының менен байланыслы қыйыншылықларды шешиўде автомобиль транспортының тутқан орны, оның қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышлары, республикамыздың социмал-экономикалық, сиясий ҳәм мәдений келешек раўажланыўы ушын әҳмийети ашып бериледи.

Магистрлық диссертацияның екинши бөлими «1941-1990 жылларда Қарақалпақстанда автомобиль транспортының раўажланыўы» деп аталып, бунда екинши жер жүзилик урыстың басланыўы менен автотехникалардың ҳәм тараў хызметкерлери менен жумысшылардың фронтқа алып кетилиўи ҳәм усыған байланыслы қыйыншылықлар, фашизм үстинен жеңис қолға киргизилгеннен соңғы жыллары автомокәрханалардың көплеп дүзилиўи, тас төселген жоллар қурылысының әмелге асырылыўы, маман қәнигелердиң тәярланыўы ҳәм олардың пидакерлик мийнетлери, өндирис алдыңғылары ҳәм олардың материаллық аўҳалын жаксылаў бойынша исленип атырған жумыслар баян етиледи.

Магистрлық диссертацияның үшинши бөлими « Қарақалпақстанда автомобиль транспорты ғәрезсизлик жылларында» деп аталып, бунда әййемги дәўирден баслап, «Уллы Жипек жолы» хызметин атқарып келген Устирт аркалы Европа менен Азияны байланыстырған жоллар бойлап ҳәзирги заман магистралларының пайда болыўы, Конырат-Бейнеў автомобиль жолының қурылыўы, республикамыз аймағындағы

автотранспорт мәкемелериниң хызметлери, материаллық-техникалық жақтан тәмийнлениўи, мийнет алдыңғылары  ҳәм олардың елимиздиң келешеги ушын  ислеп атырған ылғаллы мийнетлери  көрсетиледи.

**Жуўмақлаў бөлиминде** изертленген мәселе бойынша автор тәрепинен берилген жуўмақлары, пикир ҳәм усыныслары баян етилген.

**Жумыстың библиография бөлиминде** пайдаланған әдебиятлар ҳәм дереклер дизими берилген.

## І-Бап. Қарақалпақстанда автомобиль транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхы (1927-1941 ж.ж.)

Ҳәр қандай жаңалык, ойлап табыўлар сыяқлы автомобильлердиң де турмысқа араласыўы бул адамзат санасынын үлкен жемиси болды. 1769 жылы француз әскерий инженери Николь Жозеф Кюнво тәрепинен ойлап табылган пар менен жүретугын автомобиль бул жаңа дәўирдин бетин ашты.

Ойлап табыўшы рус инженери И. В. Романовтың электромобильли 15 орынлық автобуслары Петербург көшелеринде 1901 жылы пайда бола баслады. Кейин ала, керосин менен жүретугын төрт дөнгелекли, бирақ, сыртқы көриниси фаэтон арбадан онша парық етпейтугын автомобильлер жүзеге келди.[14]

Кюнвоның үш дөнгелекли автомобилинен тартып, бугинги гигант КРаЗ ларга шекемги тарийхқа нәзер таслай отырып инсанның ақыл-парасатына қайыл болмасқа ҳақың жоқ.

ХХ әсир басында Қарақалпақстанда жол қатнаслары Әмиўдәрья ҳәм Арал теңизи арқалы суў жолы, сондай-ақ, әсирлер даўамында хызмет етип келген кәрўан жоллар арқалы әмелге асырылды. Жол қатнасларының жолга қойылмаганлыгы, орайлық темир жол магистралларынан бир шетте жайласқанлыгы қарақалпақ халқының ишки ҳәм сыртқы байланысына ҳәм социал-экономикалық раўажланыўына тосқынлық етти.

Тас төселмеген гүзар жоллар Қарақалпақстанды Тамды арқалы қублададагы Кермене темир жол станциясы менен байланыстырды, ал арқадагы районлар-Шымбай Тахтакөпир арқалы шыгыстагы Қазалы хәм Қызыл Орда темир жол станциясына барыўга мүмкиншилик береди.

[14] Ж.Шамуратов,А.Халмуратов Манзиллер шакырады. Нокис,1992, б.4.

Жүклер қыс айларында, Амиудәрьяда муз қатып қатнас 3-4 айга тоқтатылган дәуирде, түйелерге жүкленип жиберилип хәм әкелинип турылды.

Тез агатугын ҳәм өз агысын тез өзгертип туратугын Әмиудәрья суў жолы жүдә қыйын болды. аралыгы 500-600 километрлик Чаржоу темир жол станциясы менен Қарақалпақстан арасында кемелер қатнап турды. Бул суў жолы менен дәрьяның өрине қарай, әсиресе самалсыз күнлери жүриў жүдә қыйын болды. Қарақалпақстан менен Чаржоу арасына 20-30 күнде зорга жететугын еди. аўыр қайықларды қол менен сүйреп тартыўга туўра келетугын еди. Чаржаудан бери қарай қайтарсын қайықлар ықлап келген менен, кеме жолынын өзгерип турыўына байланыслы, көп қыйыншылықлар туўдырды. Керменеден Қазалыга барыў ушын да жол қыйын болды. Жаздагы аптап ыссылар ҳәм қыстагы қатты суўықлар Қызылқум арқалы жүрип өтиўди қатты қыйынластыратугын еди. Қарақалпақстаннан жүк тийелген түйелер Үстирт арқалы Оренбургке ҳәм Астраханга жиберилиип турылды. Бул аралыққа 40-50 күнде зорга жететугын еди.

Өзиниң барлық кемшиликлерине (әстен жүриўине, жүкти жүда аз көтериўине) қарамастан, транспорттың бул түрлери Қарақалпақстанның турмысында үлкен роль ойнады, себеби олар республикада өндириўши күшлерди раўажландырыўга аз болса да белгили дәрежеде жәрдем көрсетти.

Тийкарынан ат-арба, суў жолы арқалы қатнас жасаган рельсли транспортына, хақыйқый тегис жолларга ийе емес Қарақалпақстанда транспорт ен артта қалган тарау болды. айне усы себепли экономикасы, мадenияты рауажланган орайлар менен шынтлап барыс-келис болмаганлыгы натийжесинде рауажланыудан изде қалдық.

Егер тарийхқа назер салатугын болсақ, Қарақалпақстан сыртқы дунья менен қатнас жасау ушын 590 шақырымлық Торткул-Қызыл Орда, 640 шақырымлық Торткул-Қазалы, 581 ша қырымлық Шымбай-Қызыл Орда, 425 шақырымлық Шымбай - Қазалы, 597 шақырымлық Торткул-Тамды-Кермене,

558 шақырымлық Хожели-Ташауыз-Ашхабад, 620 шақырымлық Чаржау-Ташауыз-Хожели каруан жолларын басып отип, темир жолга, улкен суу жолына шыгатугын болган. Тиришиликке зарур болган сырттан акелинетугын буйымлар тийкарынан суу жолы арқалы тасылып, кейин арбалы-туйели тийисли манзиллерге жеткерилип турылды.

Амиударьянын он жагалыгы Россиянын қарауына откеннен кейин 1873-1881 жыллар аралыгында Амиударья болимин Сырдарья орай менен тутастырып туратурын Торткул-Қазалы арба жолы салынды, бул жол почта хам аскерий маплерде пайдаланылды. Кейинирек, Амиударья менен Арал тенизинде параход тракты ашылганнан сон жоқарыда айтылган арба жол ахмийетин жойытты. Онын бойынан салынган бандирги жайлар, қудықлар, тогайшылық мекемесинин ықтыярына берилди[15]

Қарақалпақлардын тарийхындагы бурыннан илимий мийнетлерде айтылып киятырганганындай, он тогызыншы асирде халықтын турмысында орын алган озгерислердин бири-Орта Азияны, сонын ишинде Қарақалпақстанды (1873 жыл) Росиианын басып алыныуы менен социал экономикалық, сиясий хам мадений турмысында жақсы жагынан да, жаман жагынан да озгерислер орын алды. Жақсы жагы-Россия империясынын қурамына кирген аймақтагы (Амиударьянын он жагалауындагы) халықлар турмысына улкен державанын озық улгилеринин тасир етиуи десек, ал жаман жагы-азелден бир тутас киятырган қарақалпақ халқынын екиге болинип қалыуы, ягный еки турли рауажланыу болды. Бунын себеби: Амиударьянын шеп жагалауындагы қарақалпақлар Хийуа ханлыгынын қоластында қалып қойды. Олар қадимгише хан хукими тасиринде турмыс кеширди.

Ал Россиянын хукиметинин туткан реакцияшыл сиясатына қарамастан олардын турмысында да, маденииятында бир қанша дыққатқа ылайық озгерислер амелге асты. Ен баслысы Амиударьянын он тарепиндеги

халықлар бир қанша парахат турмыс кешириу мумкиншилигине ийе болды. XX асирдин басында бир қанша қарақалпақ ауылларында қара уй менен қатар жайлар салына баслады. Қарақалпақта Европа типиндеги қала-Петро-александровск пайда болды.

Амиударья болиминде сауда сатық рауажлана баслады. ақша системасы кен қолланылды. Ири дуканлар (магазин) пайда болды. Базарларда коп мугдарда Россияда таярланган пахта хам жун гезлемелер пайда болып, бул қарақалпақларда кийим кеншектин туринин кобейиуине алып келди. Бул дауирде ер адамлардын бешпентлери пайда болып, ол қара шыт гезлемелерден тигилген. Базарларда хар турли, русша хам ногайша (ногай жага койлек) койлеклер сатылган. Қарақалпақларда биринши рет тигиу машинасы пайда болды.

Амиударья флотилиясынын шолкемлесиуи Хорезм ойпатлыгы ушын жуда улкен ахмийетке ийе болды. Ол оазисти (шолистанлық ортасындагы суулы хам осимликли жерди) Орайлық Россия менен тутастырды. Қарақалпақлар руслардан уш муйешли желқомды озлестирип алып, биринши рет озлеринин қайыкларын пайдалана баслады.

Амиударья болиминин қалалары арасында жақсы ускенеленген жоллар пайда болды. Олардын ен ахмийетлиси «ОРЫС ЖОЛ» деп аталган. Петро-александровск-Шымбай жолы болды. 1912-жылы Петро-александровск-Чаржау арасындагы телеграф линиясы қурылды.

1874 жылы амиударья болиминде рус географиялық жамийетинин илимий экспедициясы келип, ол Амиударьянын он тарепинде улкен изертлеулер жургизеди. Нокисте хам Петро-александровскде гидрометрик станциялар қурылды. Илимпазлар Гиршфельд хам Галкин тарепинен дузилген «Хийуа оазисинин аскерий статистикалық баянламасы» деген мийнетинде Хорезм оазисинин табийий шараятлары хаққында, хожалық хам турмысы административлик дузилиси хам сиясий басқарыу тууралы

[15] Ж.Шамуратов, А.Халмуратов Манзиллер шакырады. Нокис, 1992, бб. 4-5.

маглыуматлар бериледи. Сол уақытлары халықтын тийкаргы транспорты-жук тасыуда арбалар (ат арба, ешек арба, огиз арба, туйе арба) жолаушылар тасыуда узақ жолга ат, туйе сыяқлы коликлер пайдаланылады.

Қарақалпақстан автомобиль транспорты тарийхына шолыу жасап отырып, Қарақалпақстаннын тарийхында орын алган айырым санелер, сол санелерде жуз берген озгерислерди еске тусириу XX асирдин басынан аягына шекем қандай административлик басшылық озгерислер болганын айтып отиуди мақул таптық.

1917 жыл, 15-22 ноябрьде Туркистан Кенеслеринин V-шолкемлестириуши улкелик съезди ашылып, онда Туркстан автономиялы Совет Социалистлик Республикасынын дузилгенлгги дагазаланды. 1920 жыл 10-октябрьде Туркстан аССР Орайлық атқарыу Комитетинин Амиударья болимин Амиударья областы етип қайта дузиу хаққында қарары шықты.

1924 жылы 14-октябрьде Советлердин Путкил Союзлық Орайлық атқарыу Комитетинин Екинши сессиясынын Амиударья областын Туркстан АССРы қурамынан болип алыу хаққында хам Қазақстан АССРы қурамында Қарақалпақстан автономиялы областын дузиу хаққындагы қарары шықты. 1925 жылы 12-19 февральда Советлердин шолкемлестириуши съезди болып, онда Қарақалпақстан автономиялы областы дузилди хам Қазақстан АССРы қурамына откерилди.

1930 жылы 20 июльде РСФСР Орайлық атқарыу Комитетинин Қарақалпақстан автономиялы областын Қазақстан АССРынын қарауынан алып, тиккелей РСФСР қурамына откериу хаққындагы қарары шықты.

1932 жылы мартта Путкил Союзлық Орайлық атқарыу Комитетинин Карақалпақстан автономиялы областын Қарақалпақстан Совет Социалистлик Республикасы етип қайта дузиу хаққындагы қарары жарияланды.

1936 жылы 25-ноябрь 5 декабрьде Советлердин Путкил Союзлық айырықша VIII съезди болып, онда СССР Конституциясы қабыл етилиуи

менен Қарақалпақстан АССРы РСФСР қурамынан Озбекстан ССРы қурамына отти.

1991 жылы 1-сентябрьде бурынгы Озбеқстан ССРы Гарезсиз Озбекстан Республиқасы болып жарияланды хам 1992 жылы 8 деқабрьде Озбеқстан Республиқасы Қонституциясы қабыл етилди. Усы Конституциянын XVII тарауы 70 статьясында «Суверенли Қарақалпақстан Республикасы Озбекстан Республикасынын қурамына киреди. Қарақалпақстан Республикасынын Суверенлиги Озбекстан Республикасы тарепинен қоргалады» делинеди. Сондай-ақ 72 статьясында «Озбекстан Республикасынын Нызамлары Қарақалпақстан Республикасынын территориясында да миннетли» делинген.

Солай етип, жоқарыда корсетип откенимиздей Қарақалпақстан қурылтай, анжуманлардын қарары менен ақ хар қыйлы республикалар қарамагына берилип отыргany халықтын социаллық-экономикалық, мадений хам руухый турмысына терен тасир жасайтугыны, елдин ауыл хожалыгынын, санааты менен қурылысынын рауажланыуында белгили тасир ететугыны табиийй. Сонлықтан Қарақалпақстанда автомобиль транспортынын пайда болыуында да, онын рауажланыуында да жоқарыда атап отилген тарийхый озгерислердин тиккелей тасири бар екени аян.

1926-1927 жыллары узынлыгы 581 шақырымлық Шымбай-Қызыл Орда жолы салынды. Қарақалпақстан ол уақытлары Қазақстаннын составында болып, онын пайтахты Қызыл Ордага жайласқан еди. Усы жол арқалы Қарақалпақстанга, Шымбайга биринши автомашина келди. Бул шолистан таулы-таслық жерлерде журиуге арнап шыгарылган «Рено-Сахара» француз автомобили еди. Онын шоферы ким, машинанын маркасы қандай, бул тууралы анық дарек жоқ. Бирақ жолдын салыныу тарийхы, биринши машинага ким минип келгенлиги хаққында оз кози менен корген корнекли алым, профессор **Қалли АЙЫМБЕТОВ** қызықлы гуррин береди.

...1927 жылдын жазында Қызыл Орда менен Шымбайды тутастыратурын жолдын ашылыу салтанаты болды. жол болганда хазиргидей тас тоселген

асфальт жол емес, тек топырақ тегислеп, қумлық жерлерге сексеуил тоселген кадимги арба жолдан парқы жоқ еди. «Усы жолдан биринши машина менен Қазақстан Орайлық атқарыу Комитетинин баслыгы Жолау Мынбаев келеди екен» деген хабар Қарақалпақстанга демде таралып кетти. Бирақ, машинадан бурын Қызыл Орда қаласынан баслап алты ай дауамында шолистанда жол салып қарайган ауыр мийнеттин азабын көрген рабочийлар көрди. Олардын биразы Казалы қаласынан екен. Шымбайга келиуден олар тамыр-таныс излеп қалага тарасты. Шымбайлыларга жол салыушылардын. орысша кийимлери қызық коринди. Орыс маденияттын уйрене баслаган азы-кем орысша да сойлей алады. Бизлерге орыс маденияты, келетугын машина, темир жол тууралы гуррин айтып бергенлери еле есимде.

Арадан бир-еки кун откеннен кейин «Қызыл Ордадан Жалау Мынбаев машина менен шыгыпты» деген телеграмма Торткул қаласына дурс ете қалды. Бул уақытта Шымбай арасында телефон  қатнасы басланган еди.

Шымбай қаласындагы басшылар Мынбаевты кутип алыуга таярлық корди. Шымбайдагы хазирги пахта заводынын тусында Кегейли арнасынын батыс жагалауындагы Палуанияз бийдин /қассап деп те атайды/  хауизинин қыр догерегине шийлер тутылып, оган гилемлер керилип, қапталына отаулар тигилди. Сойыу ушын қойлар акелинди, бақсы-жырауларга атлы шабарманлар жиберилди.

Қадирли мийманды кутип алыу ушын Торткулден облисполкомнын баслыгы Қасым Ауезов келди. Сол гездеги Шымбай округинин милиция болиминин начальниги Аллек Ахметовка астына жуйрик ат мингизип, Тахтакопирге барып, машинанын алдына шыгып, онын карасы кориниуден машинадан бурын шауып келип, хабар бериу тапсырылды.

Аллек Ахметов та дархал көк тулпарды зартен-зебертен ертлеп, қуйрыгын туйип, жолга рауана болды.

Ертенине уллы саскеде Тахтадан машинанын шангытып кориниуден Аллекжан атқа қамшыны басып, Шымбайга қарай узын-қуйын шаба

жонелипти. ат қанша жуйрик болса да машина менен жарысыуга болмайтугынлыгы машинанын атты қууып жете алмайтугынлыгы хеш кимнин ойына келмепти, ха демей атлы Аллек Ахметовтын кейининен қууып жетипти. Баққыда турган семиз ат машинадан уркип, алдына тусип қашып отырган машина артынан қууып отырган 45 шақырым жолды машинанын алдында басып келген ат Шымбайга кире берген жерде омалақ атып жыгылып, пышаққа зордан илинди.

Машина келип Шымбайга кирди. Талай байгилерде бас байрақты алып журген жуйрик аттын олгенине хеш ким қыйналган жоқ, хамме машинаны қызық корип қарап атыр. Жанадан келген машина ишине онлаган адам сыйгандай паскелтектен келген қызыл автомобиль екен.

...Ертенине туске дейин машинанын орыс шоферы кала халкын ретлестирип машинага миндирип, хазирги Ленин кешесинин аргы басы менен берги басына қатнатып, хар мингенине 50 тийиннан алып, бираз ақшалы болып қалды.

"Мине, Қарақалпақстанга биринши машина усылай келген еди", деп гурринин тамамлайды Каллы ага Айымбетов.[16]

Хақыйқатында Жалау Мынбаев минип келген биринши машина микроавтобус болса керек. Себеби, усы уақыянын изин ала Қызыл Орда менен Шымбай аралыгында усындай автобус қатнасы ашылды. Қызыл Орданын транспорт шолкемине қараслы 8 автобус қатан хам саррас график бойынша жолаўшы тасып турды. автобуслар 581 шақырым аралықты 30 саат аралыгында жүрип өтер еди. Бирақ, автобусларга техникалық хызмет көрсетиў жагы жүдә төмен болды. Жоллары 10 бәндиргиден 10 қудық қазылып, оның қасына отаўлар тигилди. Бул отаўларда тийкарынан жол қараўыллары жасады, сондай-ақ жолаўшылар дем алатугын орын шайхана хызметин де атқарады. ал, автобусларды заправкалаў ушын жүк автомобильлерине жанар майлар тийелип, изинен ерип жүретугын болган.

1928 жылы Қазақстанның басшылыгы өзгерди, жаңа басшылар пайтахтты Қызыл Ордадан Алма-атага көширди. «Енди Қызыл Орда Шымбай трактиниң зәрүрлиги жок» деп есапланып, автобуслар альш кетилди. Сөйтип басланган қайырлы ис тоқтап қалды, сонша мийнет пенен салынган жол ески сүрдеўге айланды.

Деген менен 1930 жылы Қаракалпакстаннын РСФСР дын составына кириўи автономиялы республикада автотранспорттың халық хожалыгына батыл араласыўына себепши болганын айтыўымыз керек.

Архив дереклерине қараганда усы алып келинген автомобильлер тийкарынан еки багдарда - Москвадан жер асты байлықларын изертлеў, картага алыу максетинде келген илимий экспедицияларга /А.Ферсман ҳәм басқаларга/ хәм ГПУ дың оператив жумысларына пайдаланылган Булар «ФОРД-аа» автомобили еди. ал, 1931 жылы областьлык партия комитети менен Халқк Комиссарлар Совети «ФОРД-а» маркалы еки жеңил автомобиль алды. Кейин ала басқа ведомостволарда әсте-ақырын автомобильлер менен тәмийнлене баслады.

1932 жылы Қарақалпақстанның автономиялы республика болып қайта дүзилиўи, Москва қаласының Дзержинский районының Қарақалпақстанды гамхорлыққа алыўы автотранспортымыз ушын бул да үлкен ўакыя болды. Усы Дзержинский районында дәслепки жергиликли шоферларымыз таярланды, автомобильлерди керек-жарақлары менен тәмийнлеп турды. Жаңа жүк машиналарын жиберди.[17]

Усы жылдың ақырына келип, Қарақалпақстандагы ҳәрекеттеги автомобиль паркинде машиналардың 92 процентин жүк, тек гана 9 процентин арнаўлы ҳәм жеңил автомобильлер қурады.

Ҳәр бир автомобильдиң ҳәрекетин қатан қадагалау, оннан өнимли пайдаланыў мақсетинде 1932 жылы РСФСР Халық Комиссариатының халық

---

[16] Ж.Шамуратов, а.Халмуратов М??зиллер ша?ырады… ??кис, 1992, б. 6-8
[17] Германова В. Камалов С. Москва-Каракалпакстан. Т. 1977, б. 54

хожалыгында есап-санақ жүргизиў баскармасы /УНХУ/ «автомобильлердин жумысы хаккында коньюктурлы маглыумат» есап-санак формасын тастыйыклады. Бул форма бойьшша автомашиналардын саны, каншасы жүрип турганы, улыўма тонна хам баска да маглыуматлар соралып, есаплап ай сайын катан алынып турылды.

Деген менен Каракалпакстан жагдайында сазланган тегис тас жоллардын жоқлыгы, өз ўактында машиналарга техникалык хызмет көрсетилмеўи ҳәм ремонтланбаўы, бул ушын базаның болмаўы нәтийжесин-де автомашиналардың иркинишсиз жүриўин тәмийинлеў жүдә кыйын болды. Онын үстине аўысық бөлеклер де жетиспеди. Ири ремонт жумыслары болса Казакстаннын Кермене каласында жүргизилетугын еди. Оган барыў ушын Кызыл Ордадан айналып барылды, ал, ремонттын сапасы болса, жүдә төмен болды.

Республикада автомобиль транспортынын тез пәт пенен раўажланыўына шофер кадрлардың жетиспеўшилиги де кери тәсир етти. Сонлықтан СССР Халық Комиссарлар Совети қасындагы тас жоллар хам автомобиль транспорты Пүткил аўқамлық Орайлық Басқармасының буйрыгына муўапық 1932 жылы Төрткүл қаласынан III категориялы шоферлар таярланатугын үш айлық курс ашылды. архив дереклерине қараганда бул курста ҳәр биринде 25 баладан бар, еки группа болып, оқыў қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде алып барылды. Курсантлар 1933 жылдын ортасында питкерип шыкты. Солай етип, бизде биринши жергиликли шоферлар отряды пайда болды.[18]

Қарақалпақстанда жол қатнасларынын жолга қойылмаганлыгын 1931-жылы Қарақалпақстанга келген академик А..Е.Ферсман орынлы түрде атап өткен еди: “Жас хожалықтын қурылысы адеўир дарежеде жол қурылысындагы табысларга, районлар арасында жана техникалық байланыслардын орнатылыўына, қашықлық үстинен, Орта азиянын ҳам улыўма аўқамнын үлкен магистралларынан шетте қалыўшылық үстинен

женислерге байланыслы. 1931-жылы бурынгы аўқамнын илимлер академиясынын экспедициясын басқарып Қарақалпақстанга келген академик А.Е.Ферсман “Менин саяхатларым” (М., 1949) китабында республикамыздагы дәслепки автомобиль ҳаққында маглыўматлар жазып қалдырган. Дүньяга белгили геолог алым, академик А.Е.Ферсман өзинин китабында былай деп жазган: “КАО-1 – Қарақалпақстан автономиялы ўалаятындагы биринши машина. Оны ҳүкимет бизлердин қумлар арқалы автомобильде жүриўимиз ушын бөлип шыгарды, оган Қарақалпақстандагы ен жақсы айдаўшыны бекитти (айдаўшы Миша)”. “КАО-1” деп аталган автомобильде экспидиция агзалары Қызылқум шөлистанлыгы арқалы 1000 км. жолды басып өткен.[19]

Кеңес ҳүкиметинин даслепки бес жыллықлары даўиринде Қарақалпақстан экономикасының көтерилиўи, санаат ҳәм аўыл хожалыгы өнимлерин жетистириўдиң көбейиўи транспорт тараўын жетилистириўге шынтлап кирисиў кереклигин ҳәм оны раўажландырыў зәрүрлигин туўдырды. Ол ўакытта қолда бар транспорт халык хожалыгы жүклерин тасыў талапларына жуўап бере алмады. Себеби Қарақалпақстанның қургақтагы жүк тасыў транспортының түрлери түйелер кәрўаны ҳәм арбалар еди.

1920 жыллардың ақырында республиканың қургақтагы жүк тасыў көлеми 336,7 мың тонна болса, ал 1930 жыллардың басында ол 602 мың тоннага шекем өсти. Түйелер кәрўаны менен арбалар транспортының өндирислик қуўаты төмен болганы менен талап етилген жүк тасыў ислери нақма-нақ аўыр күш жумсаўдың арқасында орынланды. Ягный бул гездеги жук тасыудын бир кунлик ондрислик куаты ат арба менен 5,3 тонна км туйе менен 3,3 мын тонна ешек арба менен 0,8 тонна км ден ибарат болды.

Отызыншы жыллардан сон путкил Орта азия республикалары сыяклы Каракалпакстанда да пахта ен бахалы егин есапланып, ондириске

[18] Ж.Шамуратов,А.Халмуратов. Манзиллер шакырады.. Нокис, 1992, бб.6-7.
[19] А.Е.Ферсман Мои путешествия . Москва, 1949, б. 17

канийгелести. Хар жылы республикамызда тек пахта ондириуге гана емес, ал баска да тарауларда кушли, сапалы озгерислер орын алды. Республиканын экономикалык жактан ныгайыуы санаат ондириси менен ауыл хожалыгы онимлеринин кобейиуине, соган сай транспорт тарауын ынгайлы рауажланыуына имканиятлар жаратып берди. Ойткени, харекет етип турган транспорттын жук тасыуды талап дарежесинде аткара алмайтугынын турмыс далийлледи. Жане ол Республиканын экономикалык рауажланыуында кушли иркиниш келтиретугын малимледи. Сонлыктан Республика алдында автомобиль жол транспортын беккемлеу хам рауажландырыу маселеси биринши болып турды. айырым архив материалларын карап корсек, 1931-жылы Озбекстан КП областлык комитети менен Каракалпакстан автономиялы уалаятынын халык комиссарлар кенеси «ФОРД» маркадагы еки женил автомобилге ийе болганын билемиз. Усыннан баслап избе-излик баскада макемелерге хам колхозларга автомобильлер келе баслады. 1932-жылдын акырында Каракалпакстаннын Республикасынын автомобиль паркынын харекеттеги курамынын улыума санынын 92 % ин жук автомобильллер курады, тек 8%ы гана арнаулы хам женил автомобильллер еди.

1935-жылы автомбильлер парки 1932-жылга салыстырганда 8 есеге шекем кобейди. Ен баслысы олар ўатандарлык өндиристеги автомобильллердин есабынан көбейди. Солардын улыума санынын 79 % ын жук тасыйтугын, 16% ын арнаулы машиналар менен автобуслар, тек 5% ын гана женил автомбильллер курады.

Сол жыллары Каракалпакстан Республикасындагы тийкаргы жук тасыу машиналарынын паркы былайынша болистирилген еди. Союз транспорт тарауында-28%, МТС та-23%, «Заготхлопкотранс»-та 18%, «Дортранс» –8%. Булардан басқа жүк тасыў парклери басқа кәрханаларда, колхозлар менен совхозларда болды. Бирақ жүк тасыў парклеринин техникалык жактан ремонтлаў базаларының болмаўы салдарынан төмен дәрежеде еди.

Қарақалпақстан жагдайында автомобильлердиң техникалық жақтан саз болыўын тәмийнлеў абаданластырылган гузар жолларының болмаўы ақыбетинде қыйыншылықларды бастан кеширди.

Өйткени 1930 жыллары Қарақалпақстанда пахта зүрәәтлилиги әдеўир артты, ал қайта ислеўши санаат кәрханалары олардан пахта мамыгын алыўда үлгили ислей баслады. Басқа тараўларда да алга илгерлеўшилик болды. Бул өнимлерди қайта ислеўши кәрханаларга,соңынан усы кәрханалардан ири қалалардагы санаат орынларына темир жол ҳәм суў магистраллары арқалы жөнелтиў ушын автотранспортты жеделли пәт пенен раўажландырыў керек болды. Сонлықтан көплеп жүк машиналары сатып алынды. Усыннан баслап автотранспорт өз алдына тараў сыпатында қәлиплесе баслады. Қолда бар маглыўматларга караганда 1935 жылы Қарақалпакстанның автомобиль транспорты менен 82 мың тонна жүк тасылган.Қарақалпақстанда автомобиллер санының көбейиўи улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт шөлкемлериниң дәслепки ўақытта арба транспорты менен бирликте дүзилиўинен пайда болды.1935 жылы авто-арба тресті шөлкемлескен болса, ал 1937 жылдың март айында авто-арба тресті менен Қарақалпақстан автоном Республикасы Халық Комиссарлар Кеңесиниң Чаржауда жайласқан Флотының қурылысының кеңсесиниң базасында ККАССР Халык Комиссарлар Кенеси жанында «Каракалпактранс» басқармасы шөлкемлести.[20] Оган еки автомобиллерди пайдаланыў кенсеси қарайтугын болды. Базалар менен кенсе өз алдына хожалық есабындагы бирлик болып Каралпактранс басқармасы Уставы менен сәйкес ислетип шыққан ҳәм тастыйықланган жумыс тәртиби тийкарында ҳәрекет етти. Каракалпактранс басқармасының биринши баслыгы Вульф Самуил Ельевич деген кәнийге болды. Ол Қаракалпакстан автотранспортының раўажланыўына үлкен үлес қосты. Қарақалпақстандагы улыўма пайдаланыўдагы автомобиль транспорты шөлкемлериниң саны 1933-1934 жыллары 2.5 есе өсти. Деген менен

автомобиллердиң саны еле жүда көп емес еди ҳәм республиканың жүк тасыўдагы барлық талапларын тәмийнлей алмады. Жүклердиң әдеўир мугдары қәдимгише арбалар кемелер ҳәм кәрўан менен тасылды. Каракалпактранстың қарауында бир ярым тонналық ГаЗ-аа маркалы 100 автомашина болды. Олар тийкарынан пахта төгин гәлле өнимлери жоңышқа тухымы қурылыс материалларын тасыды. автобуслар менен жолаўшылар тасыў аз мугдарда иске асырылды .1936-жылы Каракалпак авто-арба трестинде еки автобус болып олар Төрткүл-Нөкис жолында жолаўшылар тасыў хызметин атқарды. Қалган маршрутларда жолаўшылар тасыў иси үсти ашық жүк автомобиллери менен иске асырылды 1936-жылы 25-ноябр –5-декабринде Советлердиң Пүткил Союзлық айрықша 8-съезди болып. онда СССР Конституциясы қабыл етилиўи менен Қарақалпақстан АССРы РСФСР қурамынан Өзбекстан ССРы қурамына өткен еди. Усы өзгеристиң де Каракалпакстанда автомобил транспортының раўажланыўына айтарлықтай тәсири болды. 1937-жылдан баслап республика бойынша жолаўшылар тасыў маршрутларының тармагы әдеўир кеңейди. Жаңадан жолаўшылар тасыйтугын жол тармаклары ашылды ҳәм автомибиллерди жанар май менен,суў менен,майлаў материаллары менен тәмийинлеп туратугын орынлар шөлкемлестирилди. 1940-жылдың ақырында республикада 142 жолаўшылар тасыўшы маршуртында ҳәрекет етти. Сол жылдың өзинде 229000 жолаўшы тасылды, 7551 мың жолаўшы-километр жумыс иске асырылды.602,1 мың тонна жүк тасылды ҳәм 8567,7 тонна километр жүк айналысы иске асырылды. Жүк тасыўдың орташа ара қашықлыгы 14,4 километр, парктин коэффициенти 0,42 автомобильдиң жүрисинен пайдаланыў коэффиценти 0,64 болды. Екинши жер жүзилик урысынан алдыңгы жыллары «Каракалпактранс» бойынша жүк тасыўдың көлеми жылдан-жылга артып барды. Оны мынадай цифрлардан билемиз: 1936 жылы 5 мын 1937 жылы 12,700 жолаўшы,1938 жылы 45600 жолаушы тасылган. ал,

[20] Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын манзиллер Ташкент, 1997, б. 18

1939 жылы 127300 жолаўшыга хызмет көрсетилген. Енди 1936-жылы 9.8 мың тонна жүк тасылган болса, 1937 жылы 26,4 мың тонна, 1938 жылы 41,9 мың тонна, 1939 жылы 58 мын тонна халык хожалык жүклери тасылды. Деген менен барлық районларга жеткиликли мугдарда трарнспорт хызметин көрсетиўге, республиканын барлык тараўларындагы жүклерди тасыўга «Каракалпактранс» тын өндирислик –техникалык базасы талапка жуўап бермес еди. 1940 жылдын март айында «Каракалпактранс» баскармасынын баслыгы Самуил Вульф баска жумысқа өтиуине байланыслы,оның орнына бурын Мойнак районлык партия комитетинин секретары болып ислеп атырган Калюжин Никита Васильевич баслық болып келди.[21]

1932-жылдың ақырында Қарақалпақстанда 34 автомобиль болган болса, 1935-жылы 300 ге, урыстан алдыңгы жыллары онын саны 1100 ге жетти.[22] автомобиллердин санынын өсиўи менен бирге оларды техникалық қанигелер менен тамийинлеў маселеси де унамлы шешиле баслады.

1940 жылы Каракалпакстан автономиялы Республикасында 25 ведомствога караслы 120 автохожалык болды. Олар усы жылдын өзинде 602,1 мын тонна халык хожалык жүклерин тасып берди. Жүк аиланысы планы 8567,7 мын тонна-шакырым болды. 119,5 мын тоннасын «ККтранс» өндирислик басқармасының автотранспортшылары тасыды. Басқармада улыўма жүк айланыс планы - 1988, 7 мың тонна-шақырымга жетти. Бирақ, автомобильлерден пайдаланыў коэффициенти төмен еди. Себеби, усы автомашиналарга техникалык хызмет көрсетиў, керекли бөлекшелер менен тәмийнлеў мәселеси баслы машқала болып қала берди.

Областьлық партия комитетиниң архивинде 1940 жылы жүк автомобильлеринен пайдаланыўдың жуўмақлары бойынша справка-маглыўматлар бар. Онда автотранспорт басқармасында 1941 жылдың январында 142 дана жүк автомобили болганлыгы, 1940 жылы олардын

[21] Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын манзиллер Ташкент, 1997, б. 20.
[22] Т.К.Камалов,Е.К.Умаров Некоторые проблемы развития транспорта в Каракалпакии. Н, 1977, б. 45

машина күни  планы 86,5, ал, тонна-шакырым планы 71,4 процент болып калганлыгы көрсетилген.

1941 жылдын басында автономиялы республикада 672,5 мын шақырым жол болып, онын түри төмендегише болды. Қыйыршық тас төселген-3,6 шакырым: тегисленген тәртипке келтирилген тақыр жол-76,7 шақырым; таслы қум төселген жол-29,5 шақырым; тегисленген жол-250 шақырым; қәдимги әпиуайы жол-281 шакырым Каракалпакстандагы ишки жоллар 4014 шакырым еди. Солай етип, усы жылы республикалык ҳәм ишки жоллар 4696,5 шақырымды қурады. Олар Қарақалпақстан АССР Халык Комиссарлар Совети қасындары жол басқармасына қарайтугын еди.

1940 жылы республикалық ҳәм ишки жоллардың ремонтына 7210 мың манат сарыпланган болса, оның 3829 мың манаты бюджеттен еди.

1941 жылы жоллардың жагдайын жақсылаўга барлыгы болып 585,8 мың манат сарпланды. Бул 1940 жыл менен салыстырганда 13 есеге аз. 1941 жылы 1 шақырым да жолга ири ремонт исленбеди, каржылар тек-майда ремонтқа жумсалды. Мине, булар да автотранспортымыздың жедел пәт пенен раўажланыўына тосқынлық жасады.

1941 жылдын февралында автотранспорт баскармасынан суў транспорты басқармасы бөлинип шыкты.[23]

1930 шы жыллары Қарақалпақстаннын  аўыл хожалыгы, санааты ҳәм мәдений раўажланыўында көплеген өзгерислер жүз берди. Халық хожалыгынын раўажланыўы көп жагынан жол қатнаслары ҳам транспорт тармақлары менен байланыслы болды. Республикамыздын сыртқы ҳам ишки байланысында бул жыллары суў транспорты менен бирликте автомобиль транспортынын тутқан орны айрықша орын ийеледи. Бул жыллары автомобиллердин саны әдеўир өсти, сондай ақ оларды маман қанигелер менен тәмийнлеў мәселеси де әдеўир  жақсылына баслады.

[23] Ж.Шамуратов, а.Халмуратов Манзиллер шакырады. Нокис, 1992, б.22

## II Бап. 1941-1990 жыллары Қарақалпақстанда автомобиль транспортынын раўажланыўы

Екинши жер жүзилик урысынын басланыўы барлык халыклар сыяклы қарақалпақ халқына да аўыр болды. Халык хожалыгының ҳәмме тараүларындагы тийкаргы күшлер фронтка атланды. Урыс Каракалпакстаннын жас автомобиль транспорты тараўына да кескин тәсирин тийгизди. Урыстың басланыўынан-ақ жүк автомобиллери айдаушылары менен қоса армияга алынды. Егер 1941 жылдың 1-январында автотранспорт басқармасының өзинде 142 жүк машиналары болса, 1943 жылы ол 92-ге қысқарды. Урыс жыллары автомобиль паркиниң қысқарыўы нәтийжесинде жүк тасыў көлемиде кескин азайып кетти. 1940 жыл менен салыстырганда 3,5есеге кемейди. автотранспорт шөлкемлеринде жүк айналысы бурынгы 1988,7 мың тонна километр орнына 561,2 мың тонна километр болды.Жолаўшылар көп кемейди.1943 жылы барлыгы болып,4,2 мын жолаўшы тасылды. 815,5 мың жолаўшы км көрсеткишке ерисилди. ал 1940 жылы 228,8 мын жолаушы тасылган еди.

1944 жылы Қарақалпақстанда 60 автохожалык болды. Олардың басым көпшилиги Ўатандарлық ЗИС-5 хам ГаС-аа маркалы автомобиллерге ийе еди. Республикадагы барлык автомобиллердин 15,4 пайызы автотранспорт Халык Комиссарлар Советине, 18,3 пайызы МТСларга, 49 пайызы «Загохлопкотрест»ке, 5,3 пайызы «Респотрепсоюз»га, 1,8 пайызы байланыс басқармасына қараслы болды. 1945 жылы Қарақалпақстанда автотранспорт пенен 9,2 мың тонна жүк тасылып, жүк айланысы 204,8 мың тонна километрге жетти. автомобиллердиң техникалық жагдайы жүда төмен еди. автотранспорт Халық Комиссариятына қараслы 46 автомашинаның 36 сы ремонтқа койыўды талап етти. Урыс тамам болганнан соң қыйраган халык хожалыгын қәлпине келтириў ушын баслы илажлардын бири қатарында республика автомобиль паркин бир қанша тезирек кайта тиклеў зәрүр болды.

1946 жылдың ақырында республикада автомобиллердиң де, автохожалықлардың да саны арта баслады. Усы жылы 30 автохожалық болып, олардың жүк тасыў көлеми-179,9 мың тоннага, жүк айланысы-4011,1 мың тонна километрге жетти. ал, парктен пайдаланыў коэфиценти 0,42 ден ибарат болды.

Урыстан соң еки жылдың ишинде жагдай дүзеле баслады. әсиресе, автомобиль транспорты министрлигине қараслы жаңа автобазалардың шөлкемлестирилиўи, Нөкис каласынан жылына 250 машинага ири ремонтлаў жумысларын жүргизетугын устаханалардың салыныўы тараўда ири бурылыс болды. 1949 жылы республикада ҳәр биринде сегиз ҳәм оннан да көп автомобиллерге 55 автохожалык пайда болды. ал, «Каракалпактранс» та барлыгы болып халық хожалык жүклерин тасыйтугын 53 автомобиль есапка алынды. Сол жылы республика бойынша 4311 мын тонна жүк тасылды ҳәм 10873 тонна километр жумыс атқарылды. Соның ишинде улыўма пайдаланыўда автотранспорт пенен 52,1 мың тонна жүк тасылды ҳәм 1011 мың тонна километрлик жумыс орынланды. 1949 жылы биринши рет жаңа үлгидеги жол кагазы иске асырылды ҳәм жүк тасыйтугын автомобиллерге жүрген жолларын көрсететугын өлшеўши (спидометрлер) орнатыў бойынша үлкен жумыслар исленди.[24] Бәринен де бурын бул илажлар улыўма пайдаланыўшы автобазаларда өткерилди. автомобиллер парки тийкарынан пахташылық. ўәзирлигинде, "Центрсоюз"да, таярлаў ўәзирлигинде жылдан-жылга көбейип барды. Ал улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт шөлкемлеринде барлыгы болып 4,8 пайыз жүк тасыў автомобиллери иследи. Олардың үлесине республика автотранспорты жүк айланысының улыўма көлеминин 11 пайызы тийисли болды. Бул ҳәр қыйлы ведомостволарда жүк тасыў автомобиллерин жумсаўды мақсетке муўапық жүргизбегенин көрсетеди. Сонлыктан 1950 жылдың өзинде-ак. республика бойынша ведомостволык транспорттагы автомобиллерди улыўма пайдаланыўшы

автотранспорт шөлкемлерине галаба өткериў зәрүрлиги писип жетисе баслады.

1953 жылга шекем Қарақалпақстан аймагында тек Нөкис қаласында улыўма пайдаланыўдагы бир автобаза болды. Бул №14 автобаза деп аталды, ал ҳәзир ол №2528 автоколонна болып аталып киятыр. Үлкен санаат районларына хызмет етиў ушын оның 15-20 автомашинага есапланган автоколонналары болды.

1953 жылы Қаракалпакстан АССРы Жоқаргы Совети Президиумының. Пәрманы менен автотранспорт хам гузар жоллар министрлиги шөлкемлестирилди, оның дүзилиўи менен "Озглавхлопкотранс" ҳәм "Союззаготтранс" тың автомашиналарын өткериў ислери қолга алынып, автомобиль парклери көбейе баслады. Бунның өзи улыўма пайдаланыўдагы автотранспорттың көбейиўине бурылыс жылы болды. Бирлеспе бойынша улыўма пайдаланыўдагы ири автотранспорт кәрханаларында майда автохожалықлар жумыс ислей баслады. Жаңадан шөлкемлескен министрликтиң биринши министри болып Жолдас Ибрагимов, Суннат Ибрагимович тайынланды.

Қаракалпакстаннын автомобиль транспорты хам тас жоллар министрлиги 1953-жылы дүзилди. Усы жылдан баслап республикамыздын автомобиль транспортын раўажландырыўда түпкиликли бурылыс жылы болды. Сондай-ак дүзилиў ўактынан баслап Қарақалпакстан автомобиль транспорты ҳәм тас жоллар министрлиги де улыўма пайдаланыудагы хожалық есабында ислейтугын автобазаларды шөлкемлестириўге турақлы багдар алды. автономиялы республикамызда тас жолдың орнына 1-асфальт жолының салыныўы бул үлкен әҳмийетке ийе болды. Узынлыгы 6 км болып, Нукус каласынан Әмиўдәрьяга шекем 1954 [1] жылы жол салынды.

1953-жылы №25-Хожели автобазасы,

---

[24] Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын манзиллер Ташкент, 1997, б.23

1954-жылы №42-Беруний автобазасы,

1955-жылы №40-Шымбай автобазалары дузилди.

1953 жылдын акырында Хожели автоколоннасының тийкарында Хожелиниң гөне қаласында №25 аралас автобаза шөлкемлестирилди. Дәслепки ўақытлары оның автомобиллериниң саны 60 тан арткан жок. 1954 жылы Шаббаз автостанциясының тийкарында №42 аралас автобаза шолкемлестирилди. 1955 жылы Шымбай каласындагы №12 жолларды пайдаланыу участкасынын аймагында тийкарынан Шымбай пахта заводына хызмет корсететугын №40 автобаза шолкемлести. Сондай-ак республикамызга 1954 жылы апрель айынан баслап женил хам жук тасыйтугын таксилер алып келине баслады.

Улыума пайдаланыудагы жанадан дузилген автобазалардын жумыслары табыслы болып, Каракалпакстан аССР хукимети барлык автотранспортты улыума пайдаланыудагы автотранспорт шолкемлерине бириктирип, орайластырыу кереклигин айкынлады. Усылай етип, 1955 жылдын акырында-ак улыума пайдаланыудагы автомобиллер парки баска ведомостволардан кабыл етилген автомобиллер есабынан кескин ости, сол уакытта Нокис каласында жане бир автобаза №51 автобаза шолкемлестирилди.

1960 жыллары Каракалпакстан Республикасынын автомобиль транспорты хам гузар жоллар министрлиги кууатлы транспорт шелкемине айланды. Онын автохожалыкларында автономиялы республиканын 26 пайыз жук тасыу автомобиллери, 29 пайыз автобуслары, 6 пайыз жук тасыушы хам 45 женил таксилери болды. Улыума пайдаланыудагы автотранспорт шолкеминин салыстырма салмагы республика автотранспортынын улыума жук айланысынын 30 пайызын курады. Сол жыллары авто гузар жоллар министри болып. Каллибек Камалов иследи.

---

[1] Рзаев К. «Региональные проблемы планиравние и развития производительных сил Каракалпакской АССР», изд кк-стан, 1982.стр.26 I.

автомобиллердин турлери хам маркалары бойынша бир паркка бириктириу, техникалык хызмет корсетиуди жаксылау, жолларда ремонтты хам автомобиллерди пайдаланыуды дурыс иске асырыу натийжесинде улыума пайдаланыудагы автотранспорт шолкемлеринде жокары рентабеллик қолга киргизилди.

1957 жылы январь айында Нокис кадасындагы №51 жук тасыу автобазасы жолаушылар тасыйтугын болса, кайта дүзилип, ол бурынгы №14 автобазанын аймагына орналастырылды, ал 1957 жылдын июнь айында №14 автобазанын устаханасы (мастерскойы) базасында авторемонтлаў заводы шөлкемлестирилди. Заводта ремонтлаў жумысларының сапасы бир қанша төмен болса да, УРаЛ-5 ҳәм басқа да маркадагы автомашиналардың ремонт өндирисинде белгили дәрежеде жеңиллик бола баслады. Сол ўақытқа келип министрликтиң қурамына 7 автохожалык бириктирилди. Орайластырылган жүк тасыўды әмелге асырыў исинде улыўма пайдаланыўдагы автомобиль транспорты хызметкерлери тийкаргы жетисcенликлерге еристи. ал пахта жүклерин, баска жерлерден жол қурылысы материалларын, гәлле өнимлерин, отын ушын көмир ҳәм усындай әҳмийетли жүклерди тасыўды қолга алды. Жүк тасыўдың бул усылы автомобиллердиң өнимли ислеўин жоқарылатты ҳәм жүк тасыўдың өзине түсер баҳасын арзанлатты. Орайластырылган жүк тасыўды кең түрде қолланыўдың нәтийжесинде олар автомобиль транспортының раўажланыўуында иркиниш болып киятырган ведомостволык усьтларды сапластырыўдын зәрурли жагдайларын дүзди ҳәм улыўма пайдаланыўдагы автомобиль хожалықлары менен жүк тасыўдың басым көпшилигин қамтыўды тәмийинледи. Тонна километрлер менен өлшенетугын автотранспорт жумысларының улыўма көлеми бир жылдың ишинде 13 пайызга көбейтилди.

Алпысыншы жыллардың орталарына келип, майда автохожалыкларды беккемлеў, оларды улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт шөлкемлерине

косыў ислеринде есап бойынша үшинши илаж өткерилди, ягный Кегейлиде №116 автотранспорт кәрханасы, Төрткүлде №115 автотранспорт кәрханасы, Тахтакөпирде №13 автотранспорт кәрханасы, Нөкисте кәнийгелестирилген №14 автотранспорт кәрханасы, Мойнақға №15 автотранспорт кәрханасы дүзилди.[25] Жүк тасыўшы автомобиллердиң жумысларын жақсылаў бойынша илажларды иске асырыў менен бир ўақытта жеңил автомобиллерди пайдаланыўды жақсылаў бойынша да үлкен жумыслар исленди. Барлык жеңил автомобиллер улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт шөлкемлерине қосылды, ал ведомостволар менен шөлкемлердиң басшыларына хызмет көрсетиу ушын шартнамалар дүзиў басламасында жеңил автомобиллер нәўбетшилик ететугын болды. Бул мәмлекетке үлкен қәрежет үнемлеўге жол ашты ҳәм қәнийгели айдаўшылардың белгили мугдарын өнимсиз жумыслардан азат етти.

1971-1980 жыллары Республиканың жүк тасыў ҳәм жолаўшылар тасыў жумысларының өскенлиги көзге таслана баслады, жүк тасыўдың. белгиленген жобаларын орынлаў менен бирге жолаўшыларга хызмет көрсетиўдиң мәденияты артты. Бул дәўир ишинде жаңадан 42 автобус маршрутлары ашылды, ол Қарақалпақстан Республикасының ишинде де, сыртында да қатнап турды. Қарақалпақстанда улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт жумысларын иске асырыў бойынша қабыл етилген илажлардың нәтийжесинде жолаўшылар тасыў бойынша да, жүк тасыў бойынша да жумыслардың көлеми 1,7 есеге көбейтилди

Пүткил халықлық қурылыс усылы менен Нөкис-Беруний-Төрткүл жолының дәслепки «Нөкис 81» деген бөлегинде жумысты баслап жибердик Қурылысы қолға алынған бул жолдың узынлығы 110 шақырым болып, оның 55 шақырымы Қызылқумлар арасынан өтип, ал 46 шақырымы Султан Ўәйис таўы таслағында салыныўы керек болды[26].

---

[25] Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын манзиллер  Ташкент, 1997, б.27

[26] Қ.Камалов. Ел хызметинде  Нукус, 1995 201-бет

1966-жылы март айына келип, жолдың топырақ үйилген сүлдери толығы менен питкерилип, имлаға келтирилди. Апрель айында жолдың басқа да ең аўыр жумыслары питкерилди ҳәм тас төселип нықланған жолдың үстинен бирли-ярым автомашиналар Нөкис-Беруний аралығында жүре баслады.

Нөкис-Беруний-Төрткул жолы салынып атырған ўақытта Бердақ атындағы совхозға, Қыпшақ жағысына дейин асфальт жол апарылды. Нөкис-81 км Беруний жолы хашар усылында қурылып, оған обкомның бюро ағзаларының ҳәммеси қатнасты, участкаларды бөлип алып, басшылық етти. Трассаның начальниги етип Марат Көптилеўович Нурмухамедов тайынланды. Ол үлкен хызмет атқарды. 1970-1972-жылы 80 киолметр узынлықтағы Қоңырат-Мойнақ жолының қурылысында 16-ДСУ жоқары технологияда жумыс ислеп, жолды сапалы етип питкерди[27].

Усы жылларда елимиз автомобиль жол қатнасын Тақыятас қаласы арқалы Ташаўыз ели менен байланыстырды, қублада Төрткүл-Дүлдил поселкасы автомобиль жолы питкерилип, бухара-Самарқанд, Ташкент үлкен гүзар жолларына қосылды. Солай етип, бизиң елимиз жолсызлықты сапластырып, барлық қоңсы елатлар менен ҳәм олар арқалы пүткил дүнья жолларына шығыў мүмкиншилигине ийе болды.

1985-жылға келип, елимиздеги асфальтланған жоллардың узынлығы 3029 километр болды, темир-бетон копирлердиң саны 450 ге жетти. Олардың бир бағдардағы узынлығы 11156 метрди қурады. Соның ишинде жигирмадан аслам жол қурылысы мәкемелери Қарақалпақстан жол қурылысы тресті қатарында ислеп, олардың қуўаты 1965-жылы жигирма миллион сом әтирапында жол қурылысы қәрежетин өзлестиреди.

[27] сол жерде 203-бет

Жол қурылысын раўажландырыў мақсетинде жолдың тийкарын қатты таслардан салыў ушын Қаратаў ҳәм Жумыртаўдың тасларын майдалайтуғын заводлар ҳәм асфальт-бетон заводлары қурылды.[28]

Ал, 1980-1990 жыллардагы "Каракалпактранс" өндирислик бирлеспесиниң автотранспорт бөлимшелериниң хызметиндеги өзгерислер соннан ибарат, тийкаргы өндирислик хызметлер менен бир қатар социаллық мәселелерди шешиў бойынша да огада үлкен жумыслар иске асырылды. Жәрдемши хожалықлар, турақ жай қурылыслары кеңнен раўажланып барды. атап айтканда, 1990 жылга шекем №19 Нөкис автобус сарайы менен Хожели автобус-таксомотор сарайы гаражлары салынып, пайдаланыўга берилген болса, ал Төрткүлдеги №115, Нөкистеги №120, Тахиатастагы №109 автокәрханалардан басқа барлық автокәрханалардың өндирислик базаларын реконструкциялаў жумыслары питкерилди. Бурын онлаган автокәрханалардың өндирислик цехлары қолайластырылган жайларда, 6 автокәрхана тек қоршалган дийўалдың ишинде оңысып келген болса, енди барлық автокәрханалар заманга ылайық жойбардагы өндирислик корпусларга ийе болды. Қарақалпақстанның ҳәмме район орайлары менен қалаларында автовокзал, автостанциялар салынып болынды. ал 1987 жылга шекем тек Нөкисте автовокзал, 4 район орайында гана автостанциялар ҳәрекет етип келди. Автотранспортшылар ушын турақ жайлар тез пәт пенен қурылды. Маңгыт қаласында 16 квартиралы, Хожелиде 40 квартиралы, Төрткүлде 24 квартиралы, Нөкисте 60 квартиралы, Берунийде 24 квартиралы турак жайлар салынып, пайдаланылмақта.

Сол жыллардагы улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт хызметкерлеринин мийнет көрсеткишлерине нәзер тасласақ ҳәр жыл сайын 16,3 миллион тонна халық хожалық жүклери ҳәм 84 миллион жолаўшы тасылып турды. Мийнетги шолкемлестириўдин жана түр хам усыллары енгизиле баслады. Жумысты бригадалар кесип алып ислеу усылы ен

[28] К.Камалов Ел хызметинде. Н., 1995, б.202

жайдырылды, арендалық, усыллар да 6З натийжесин корсетги.

1988 жылы улыўма пайдаланьшатугын транспорт шолкемлери тарийхындагы жане бир елеўли ўакыя Каракалпастан автотрестине қайтадан "Қарақалпакґранс" деген әдиўли атының берилиўи болды. әлбетге, хәр қандай министрликтиң ямаса ведомоствоның атында турган парық болмаса да, оның басып откен тарийхый жолын билиўде атларының озгериске ушырап атырганына итибар берилиўи керек. хәр бир ондирис орнының аты түўе, онын биринши басшысы озгерсе де сол кәрханада ис усыллары, ишки жагдайлары бир қанша озгеретугыны тәбийий қубылыс.

1991 жылга келип елдеги сиясий-экономикалық жагдайлардын озгере баслаўы автотранспорт тараўына да тийисли тәсирин тийгизди. Соны да айтып отиў керек, улыўма пайдаланылатугын автотранспортты буннан былай раўажландырыў, басланган қурылысларды питкериу, автокәрханалардың ондирислик базаларын беккемлеў хәм социаллық мәдений турмыс хызметлерин жақсылаў бойынша алга қойган уазыйпаларды әмелге асырыуда елдеги қымбатшьшық хәм базар қатнасықларына отиу жагдайлары унамсыз тәсир ете бәслады. әсиресе тәмийинлениў мәселесинде бурынгы аўқамдагы республикалар менен қарым қатнасықлардың узлиске түсиуи, олардың оз алдына бийгәрез мәмлекетлер болып кетиуи автотранспортшылар алдында да коп проблемалар пайда етти. Бурынгы ауқамлас республикалар озлериниң онимлериң, ягный транспорт қуралларын аўысық болеклерди, агрегатларды, үскенелерди, материалларды, жанар май хам майлаў материалларын базар базасында, бурынгыга салыстыртнда 100 есе қымбатына сата баслады.

Егер 1991 жылда бир тонна автомобиль жанылгысының бахасы сол ўақытгагы 200 сом болса, 1992 жылы Россиядан бензиннин хар бир тоннасы он мың сомнан алып келинди. Егер 1991 жылда Озбекстан автотранспорт министрлиги (соның ишинде "Каракалпактранс" бирлеспеси) жүк автомобиллерин орташа 30,5 мың сомнан сатып алган болса, 1992 жылда оларга 700 мың сомнан, "МаЗ" хам "КамаЗ" лар ушын 1,5-2 миллион сомнан

Толенди. автобустың нарқы 126 мың сомнан бир миллион сомга шекем барды. Соннан баслап "Каракалпактранс" ондирислик бирлеспесинин жана автомобиллер сатып алыў имканияты азайды. Гоне автомобиль парклерин жаналап турыўга пүткиллей мүмкиншилик болмай қалды.[29]

Мине, усынын ақыбетинен улыўма пайдаланылатугын автотранспорт пайда менен ислеп атырган тараудан шыгындар хожалық дарежесине айлана баслады. Деген менен Қарақалпақстаннын улыўма пайдаланатугын автотранспорт хызметкерлери ен қыйын жагдайдан шыгыў ушын, ўазыйпаларды табыслы шешиў мақсетинде мүмкиншиликлерди излестирди. автотранспорт қуралларын жеткерип бериуши заводлар менен бартерлик тийкарда келисимлерге ерисилди.

Барлық жерде базар қатнасықлары хүким сүриуине байланыслы азық-аўқат онимлеринин де бахасы котерилип, қытшылық айқын сезиле баслады. Сонлықтан "Қарақалпақтранс" ондирислик бирлеспеси орынлардагы атқарыў комитетлери менен келисип, районлардагы автокәрханалар ушын егиске жер майданларын алды. Сол жерлерде агросекторлар дүзип, жардемши хожалыклар шолкемлестириўге еристи. аўыл хожалык егинлери егилип, кишигирим шарўашылык. колга алынды.

1990 жылларга келгенде автомобиль транспорты республикамыздын халык хожалык комплексинин ажыралмас бир болимине айланды.

[29] Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Айдын манзиллер Тамкент, 1997, б.31

## III-Бап. Қарақалпақстанда автомобиль транспорты гарезсизлик жылларында (1991-2005 ж.ж.)

Озбекстанда Ғәрезсизликтин жәрияланыўы менен оның экономикалык сиясатгагы максети базар катнасыкларына отиў екенлиги белгили болды. 1992 жылы 8 декабрьде он екинши шакырык Озбекстан Республикасы Жокаргы Кенесиниң. он биринши сессиясында кабылланган Озбекстан Республикасынын Конституциясының XVII тараўы 75 статьясында "Озбекстан Республикасы менен Каракалпакстан Республикасының оз-ара карым катнаслары Озбекстан Республикасы менен Каракалпакстан Республикасы ортасында Озбекстан Республикасынын Конституциясы шеңберинде жасалган шәртнамалар менен келисимлер аркалы ретлестириледи" делинген.

Өзбекстан Президентиниң 1993 жыл 8 январьдагы "Озбекстан автомобиль транспорты ("Озавтотранс") мәмлекетлик акционерлик корпорациясын шолкемлестириў хаккындагы" Пәрмәны нәтийжесинде министрлик корпорацияга айландырылды.[30] аты аталган министрлик мәмлекетлик акционерлик корпорациясына айландырылганнан кейин тараўда түпкликли экономикалык озгерислер басланды. Корпорация курамында мүликшиликтин түрли формадагы гәрезсиз кәрханалары хәм шолкемлери ыктиярлы тийкарда бирлести. Корпорация шолкемлесиўи менен базар экономикасына ис жүзинде өтиў ушын үлкен қәдем тасланды. Мине бул процесслер "Каракалпактранс" өндирислик бирлеспеси турмысында да жүз берди. 1994 жылдан баслап "Каракалпактранс" ондирислик бирлеспеси "Каракалпактранс" мамлекетлик акционерлик бирлеспеси болып шолкемлести. Бунын паркы соннан ибарат, "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси хызметиниң тийкаргы ўазыйпалары етип, томендегилер белгиленди:

- Улыўма пайдаланыўдагы автомобиль транспортын хәр тәреплеме раўажландырыў.

- Улыўма пайдаланыўдагы автотранспорт дизиминде бирден-бир илимий-техникалык хәм инвестиция сиясатын еткериў

- Бирлеспе курамына кирген карханалар хәм шолкемлерди базар мунәсибетлерине отиўде, оларды акционерлик, жәмәәтлик, ижаралык хәм баска шолкемлескен хукукый формаларга озгертиўге комеклесиў.

Озбекстан Республикасы Президентиниң 1994 жыл 21 январьдагы "Экномикалык реформаларды және де тереңлестириў, жеке ийелениўдеги мүлик мәплерин коргау хәм ис билерменликти раўажландырыў илажлары хаккына" гы Пәрманы шыгыўы менен акционерлик жәмийетлери ашык түрдегиге айландырыла баслады. Мине усы Пәрман шыкканнан баслап "Қарақалпақтранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси шөлкемлесип ҳәм оның қараўындагы автокәрханалардың акционерлик жәмийетке өтиўи колга алынды. Атап айтқанда; 1994 жылдың 29 апрелинде Хожелидеги №25 автотранспорт кәрханасы "Кәрўан" акционерлик жәмийети, Нокиетеги №120 автотранспорт карханасы "Боран" акционерлик жамийети, Халкабадтагы №116 автотранспорт кәрханасы "Халкабад" акционерлик жәмийети, Нокиетеги №108 автотранспорт кәрханасы "Тулпар" акционерлик жамийети болып ордер алды. Соннан коп кешикпей-ак 27 июль күни бирлеспениң ондирислик-техникалык тамийинлеў баскармасы "автоснаб" акционерлик жәмийети болды.

Хакыйкатында да дүзилген жылы бул акционерлик жәмийетлердиң финанс-хожалык корсеткишлери айтарлыкгай болган жок, ал сонын ала олардын басшышары акционерлик жәмийеттиң баскарыў усылларына түсине баслаўы менен кәддин ала баслады. 1995 жылга келип, аты аталган акционерлик жамийетлерде жылдың жуўмагы бойынша нәтийжелер томен-дегише болды:

[30] Х.Худайберге?ов, К.?азберге?ов. айды? м??зиллер Ташке?т, 1997, б.35

Хожелидеги "Кәрўан" акционерлик жәмийетиниң таза пайдасы 2515,2 мың сум болды, нәтийжеде 1 акциясына 480 сум 16 тийин дивиденд есапланды. акцияның номинал бахасы 1000 сум.

Нокистеги "Тулпар" акционерлик жәмийетиниң 1995 жылдың жуўмағында таза пайдасы 378,1 мың сум болып, бир акцияға дивиденти 148 сум 17 тийиннан туўры келди, акцияның номинал бахасы 950 сум болди.

"Халкабад" акционерлик жамийети 1995 жылы 1745,4 мың сум таза пайда алды, 1 акцияға дивиденд 482 сум болып есапланды. "автоснаб" акционерлик жәмийетинин 1 акцияға шыккан дивиденд муғдары 234 сум 10 тийин болды, ал акцияның номинал бахасы 200 сум еди.

Нокистеги "Боран" акционерлик жәмийети 1995 жылы 7833 мын сум таза пайда алды, онда 1 акцияға дивиденд 295 сум 78 тийин болды. акцияның басланғыш номинал бахасы 100 сум еди, ол кейнинен 500 сумға озгерди.

Автокарханалар менен шолкемлерди мамлекет ийелигинен шығарыў экономикалык реформаларды тереңлестири процесси даўам етти. ал, 1995 жылы "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесинен 17 автокәрхана акционерлик жәмийетке отти. Олардың кешлетиңкиреп, жылдың акырыңа таман акционерлик жәмийет ордерин алғаны себепли сол жыл дивиденд есапланбады. Бирак бунын ози бирлеспеде аткарылған жумыслар нәтийжесиз болды деген мәнис аңлатпайды. Хәзирги ўак.ытта "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң карханаларында 1600 жүк автомобили, 809 автобус, 356 жеңил автомобиль хәм 138 хожалык машиналары жәмленген. Министрликлер менен ведомостволардың кәрханаларында да хәрекет курамы әдеўир бар. Бирак. жүк тасыўларда "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң карханалары транспортының ахмийети жокарылаў. Жолаўшылар тасыўға келгенде болса, республикада бул исти улыўма пайдаланыўдағы автотранспорт дерлик толык. дарежеде оз мойнына алған. 1995 жылда 14380,6 мың тонна халык хожалык жүклери, 72351,8 мың

жолаўшы тасылды.

Бирлеспениң кем-кемнен калиплесиўинде, алда турған ўазыйпаларды инабатлы орынлаўында колда бар мүмкиншиликлерден онимли пайдаланыуда әпиуайы мийнет адамлары болған ондирис алдынғыларының салмак,ли улеслери есапка алынып барылды. Сондай-ак. мийнет адамларына күнделикли ғамхорлык етиў, жумыс ислеуине колайлыклар туудырыў, экно-микалык жарысларды кең ен жайдырыў хожалык баскарыў хәкимшиликлери менен жәмийетлик шелкемлердиң шелкемлестириўшилик жумысларының нәтийжеси екенлигине де итибар бериледи. Мийнет адамларының да, хожалык баскарыўшыларының да ондиристи раўажландырыўға коскан үлеслери, олардын жәмийетлик мийнетке белсене катнасканы козге түскен жағдайда олар үлкен хүрметке сазаўар болады. яғный хүкимет нағрадаларына, хүрметли атакларға усынылады.

"Каракалпактранс" бирлеспесинде мине усындай хүрметли атакларға ийе болған автотранспортшылар кеплеп табылады. Олардың айрымларының атларын атап етиўди орынлы деп билемиз. Маселен, "Озбекстан Республика-сы транспортына мийнети синген хызметкер" атағына ийе әпиуайы автомобиль айдаўшылардың саны 15 тен асады. Олардан: Манғыттағы №44 автотранспорт кәрханасының ремонт бойынша устасы Тура Курбанов, Терткүлдеги №115 автокархана айдаўшысы атахан Розымбаев, Нокистеги №108 автотранспорт кәрханасының айдаўшысы Н. Хожабеков, К,оңыраттағы №63 автотранспорт кәрханасыньң айдаўшысы Емберген Даўлетмуратов, Шымбайдағы №40 автотранспорт карханасыньң айдаўшысы Дүйсенбай Саатов, №2528 автоколонна айдаўшысы К,албай Худайназаров, Нокистеги №19 автобус сарайыньң айдаўшысы Жумамурат Шамшетов хам баскалар бар. ал "Каракалпакстан Республикасы автотранспортына мийнети синген хызметкер" атағына ийе адамлар бирлеспе бойынша 42 киси, "Озбекстан Республикасынын Хурметли автотранспортшысы" атағына ийе адамлар 39 киси, сондай-ак. бирлеспеде "Каракалпакстан республикасына

мийнети синген экономист" атағын алған автотранспортшылар да бар. Олардан хәзир "Боран" акционерлик жәмийетиниң баслығы Мадияр Исметов, "К,анлыкел автокарханасы" акционерлик жамийетиниц баслығы Орынбай Мамбетаминов хам тағыI баскалардың атлары мәлим. Соньң менен катар Каракалпакстан автотранспорты тараўында хызмет етип, хазир хүрметли дем алыста (пенсияда) жүрген кеп санлы II Жахан Урыс ветеранлары менен мийнет ветеранлары халык арасында үлкен хүрметке ийе. Хар бир автокархана жамаати хам басшылығы оларды хәр жылы Жана жыл, Наўрыз, Жеңис, Ғәрезсизлик хәм баска да уллы байрамларда карханаға шакырып үлкен хүрметлер корсетеди, бахалы затлар менен сыйлыклайды.

"Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң карханалары гербиш заводларына, каратаўдағы карьерлерден курьшыс тасларын тасыў, К,оңыраттағы ири сода заводына курылыс материалларын тасыу, пахта, салы хәм шигит, баска да аўьш хожалығы онимлерин тасыў жумысларын иске асырып киятыр. "Каракалпактранс" мәмлекетлек акционерлик бирлеспеси улыўма пайдаланыўдағы автотранспорт миннетине жүкленген ўазыйпаларға муўапык базар экономикасын раўажландырыўға каратьшған республикада кабыл етилген карарларды орынлай отырып, баска бирлеспелер менен бирге оз карханаларын мәмлекет ийелигинен шығарыўа хам меншиклестириўге кирискенлиги жокарыда айтып отилди. 1995 жылда бирлеспениң 25 автокәрханасы мүликшилик түрлерин озгертти. Олардан 23 и акционерлик жәмийетине, екеўи жәмәәтлик кәрханаларына айландырьтды. Биринши жылда-ак акционерлик кәрхәналары тәрепинен жүк тасыўлардьң 93,2 пайызы хәм жолаўшы тасыўлардьң 100 пайызы әмелге асырылды. №2528 автоколонна, 2 автовокзал (Нокис хәм Хожелидеги) хәм бирлеспениң балалар бакшасы  мәмлекет секторында калды.

Бирлеспе тәрепиңеҳ кәрхаңалардың тийкарғы хызмет керсеткишлерин теменлетпеген жағдайда, транспорт хызметлери базарында конкурентлерден асып түсиў максетинде автомобиль тасыўларды жане де раўажландырыў,

материаллык-техникалык тәмийинлеў сапасын жаксылаў, финанс жағдайын туракластырыў, тиркемелер, ораў кураллары, контейнерлерди жәнеде кенирек колланыў есабынан хәрекет курамынан пайдаланыў дәрежесин асырыўды козде туткан бағдарлама ислеп шығылды. Бирлеспе халыкка телемли хызметлер керсетиў тараўын кенейтпекте. Женил автомобиллерди ремонтлаў бойынша 27 кәрхана, чехол тигиў, балон жамаў устаханалары, шалыны гуриш етиу үскенеси, гилим токыу цехы хызмет керсетпекте. 1995 жьтда телемли хызметлер керсетиўден 102229,5 мьщ сум алынды.

1996 жылға келип "К,аракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниц ашык түрдеги акционерлик жәмийет типиндеги автокарханаларыньң жумыс нәтийжелери де, табыс табыў бойынша алып барылған илажлары да откен жылларға салыстырғанда жаксылана баслағаны сезиледи. Буны Сиз мынадай мағлыўматлардан билиўиңиз мүмкин.

Жүк автокәрханалары тәрепинен 1996 жылда 29 министрлик хәм 116 шелкемлерге жүк тасыў бойынша дүзилген 236 шартнаманың (100. пайыз) орынланыўы тәмийинленди. 14202,3 мьң тонна халык хожалык жүклери тасылды, бул тапсырмаға салыстырғанда 103,5 пайыз хәм еткен жьщдың тийисли дәрежесине салыстырранда 100,2 пайыз болды. Соның ишинде акционерлик автокерханалар 13202,3 мьщ тонна халык хожалык жүклерин тасьщы, бул тапсырмаға салыстырғанда 103,4 пайыз болды.

73128,7 мын жолаўшы тасылди, тапсырма 100,6 пайыз орынланды, бул откен жыл дәрежесине салыстырғанда 101,1 пайыз болды. Жолаўшылар тасыўдын барлык түрлеринен 313058,2 мын сум (тапсырмаға салыстырғанда 110,7 пайыз) табыс алынды. Банкке 150197,1 мың сум нак пул тапсырылды хәм тапсырма 106,8 пайыз орынланды. 150708,2 мың сумға халыка телемли хызмет корсетилди, соның ишинде турмыс хызмети 136,8 мың сум болды, 74,8 мың сумлык халык тутыныў товарлары ислеп шығьщды. 28575 мын сумға курылыс-монтажлау жумыслары исленди. Мәмлекетке 1488 тонна кара хәм 49 тонна реңли металл сыныклары тапсырьщды хам бул бойынша

тапсырма 100 пайыз орынланды.

Бирлеспе бойынша орташа мийнет хакы 3833 сум болды.

Бирлеспе бойынша 2528 автоколоннадан баска барлык автокәрханалар акционерлик жәмийет болып кайта дузилди. 14 акционерлик жәмийет еркин саўдадары акцияларын толығы менен сатып алды.

1996 жьщдын жуўмағы бойынша акционерлик жемийетлердин нак пайдасы 28914 мын сумды курайды. акционерлик жемийетлердин ишинде баслығы Медияр Исметов болған "Боран" акционерлик жәмийети козге тасланады. Хәзир онын бийлигиндеги акциялардын барлығы 100 пайыз жәмәәт тәрепинен сатып алынды, жылдын жуўмағы менен бир акциға шығып турған дивиденд 1085 сумды курайды. 1 акцияның ңоминал бахасы 1000 сум.

Жеңе де алдыңғы катарында Хожелидеги "Кәрўан" акционерлик жәмийетин (1 акцияға дивиденд муғдары 528 сум), "автоснаб" акционерлик жәмийетин (1 акцияға дивиденд муғдары 1027 сум), "К,оныpат №63 автокархана" акционерлик жамийетин (1 акцияға дивиденд муғдары 779 сум) атап отемиз.

Бул жерде "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң хызметин тутас коз алдына келтириўде барлык"акционерлик жәмийетлердиң, карханалардың, шолкемлердиң хәр айда, хар шеректе, жыл сайын хәр тәреплеме жоба тапсырмаларды бәржай етип, экономикалык реформаларды тереңлестириўге ылайыклы улес косып атырган басшы автотранспорт хызметкерлери менен таныстырыў орынлы деп билемиз.

Бирлеспениң 1996 жыл үлкен табысларды колға киргизиўинде баслығы Әширбек Пирманов болған Торткүлдеги №115 аКТ акционерлик жәмийетиниң баслығы Калымгерей Торегалиев болган Берунийдеги №42 аТК акционерлик жәмийетиниң баслығы аблай Отепбергенов болған Елликкаладағы "Бостантранс" акционерлик жәмийетиниң Нокис каласындағы баслығы Сәрсенбай Отепбергенов болған №2528 автоколоннаның

баслығы Жалғасбай Жарылкағанов болған "Нокис таксомотор сарайы" акционерлик жәмийетиниң баслығы Нурабулла Жандуллаев болған "Нокис №19 автобус сарайы" акционерлик жәмийетиниң баслығы Ғайрат Отамбетов болған Нокис "Тулпар" акционерлик жәмийетиниң баслығы абдижалий Жаксыбаев болған "Хожели автобустаксомотор сарайы" акционерлик жәмийетиниң бас инженери Жийенбай Арзиев болған "Тахиаташ №109 аТК" акционерлик жәмийетиниң баслығы Рустам Хожаниязов болған "Манғыт №44 аТК" акционерлик жәмийетиниң, баслығы Тауекел Жуманов болған

"Караозек №91 аТК" акционерлик жамийетинин, баслығы Куўатбай Реймов болған "Шоманай №41 аТК" акционерлик жәмийетиниң баслығы Таңатар Садыков болған "Халкабад" акционерлик жәмийетиниң баслығы абатжан абдикаримов болған "Тахтакопир №13 аТК" акционерлик жамийетиниң баслығы Сарсенбай Сайтов болған Мойнактағы №15 аТК акционерлик жамийетиниң баслығы Жолдасбай аннакулов болған "Шымбай №40 аТК" акционерлик жәмийетиниң коскан үлеслери мол болды. Сондай-ак "Канлыкол", "Бозатау", "Кегейли" киши автокәрхана акционерлик жәмийетлеринин Хожелидеги Садулла Сабиров баскарған автотранспорт жумысшыларын :гәмийинлеў бойынша "Дәўир" акционерлик жәмийетиниң, Реймбай Жиемуратов баскарган "Каракалпакавтокурылыс" акционерлик жамийетиниң бирлеспе тарепинен берилген тапсырмаларды үзликсиз орынлаўда айтарлыктай үлеслери бар әсиресе нак. табыс табыўда, кассалык. жобаларды орынлаўда тәжирийбели автотранспорт хызметкери Жолдас Шамуратов басшылык. еткен Нокистеги хожалык есабындағы автовокзалдын Жетписбай Кулжанов басшышык. еткен Хожелидеги хожалык есабындагы автовокзалдың табыслары мол. Олар хәр айдын тапсырмаларын арттырып орынлаўда, хәзирги базар экономикасы даўирине толык. түсинип харекет етпекте. "Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесинде 1996 жылдың жуўмағы бойынша усы жокарыда атлары аталған кәрханалардың есап бетине 774141 мың сум табыс келип түсти. Пайданың муғдары 68174

мың сум, рентабеллилик 11,2 пайызды курайды. Бирлеспе автокерханаларының усындай мийнети нәтийжесинде "Каракалпактранс" бирлеспеси "Озавтотранс" мәмлекетлик акционерлик корпорациясы бирлеспелери арасында экономикалык жарыста 1996 жыл бойы биринши орынды ийеледи. Сол жылы бирлеспе автокерханаларының финанс жағдайларының аўыр болыўына карамастан 16 дана ПаЗ-3205 маркалы автобуслар сатып алынды.

Албетте, хәр кандай керхананың яки ендирис Орнының жумыс нәтийжелериниң жаксыланып барыўында, алда турран ўазыйпаларды орынлап, табысларды колға киргизиўинде жәмәәттиң аўыз биршилигиң саклап, мийнетке рухландырыў, жокарыдан келген тапсырмаларды, карарларды, буйрык.ларды булжытпай орынлаўды тәмийинлеў биринши гезекте басшылардың шолкемлестириўшилик укыбына тиккелей байланыслы, сондай-ак жәмийетлик шолкемлер менен оз-ара түсиниўшилик, тығыз байланыста ислесиўдиң нәтийжеси де үлкен.

Карак,алпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң жокары баскарыў органы етип Кенес белгиленген еди, ол баскарманы сайлайды. Баскарма Кенес хызметкерлериниң санын хәм дүзилисин, мийнетке хакы толеў дизимин, хызметкерлерди материаллык хошаметлеў шәртлерин белгилейди. Бирлеспениң Кеңеси Баскарма баслығын хәм оның орынба-сарларын сайлайды. Олар "Озавтотранс" корпорациясы хәм Каракалпакстан Республикасы Жокарғы Кеңеси хам Министрлер Кеңеси тарепинен тастыйыкланады.

"Каракалпактранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси баскармасынын баслығы болып Х.М.Худайбергенов, баскарма баслығының биринши орынбасары (бирлеспе бас инженери) болып Т.С.Бекниязов, баскарма баслығының орынбасарлары болып К.М.Муратов (баслыктын жүк тасыў бойынша орынбасары), Х.У.Утениязов (баслыктын жолаўшы тасыў бойынша орынбасары), Т.А.Дошекенов (баслыктың экономикалык меселелер

бойынша орынбасары), К.А.Базарымбетов (баслыктың жол харекети хам техника кәуипсизлигин тәмийинлеў бойынша орынбасары) тастыйыкланды. Баскарма Президиумының курамына булар менен катар Ж.Б.Бердимуратов (автотранспорт хызметкерлери кесиплик аўкамы Республикалык комитетиниң баслығы), Е.П.Пирманов (Торткул №115 АТК акционерлик жәмийети баслығы), С.О.Отепбергенов (№2528 автоколонна баслыгы) кирди. Усы жерде бирлеспениң баскарма курамы 34 адамнан, кеңес курамы 53 адамнан ибарат екенин айтып отиў орынлы. Баскарма ағзалары курамына бирлеспе басшылары, акционерлик жәмийетлердиң баслыклары, жәмәатлик кәрханалар менен мәмлекетлик мәкемелердин баслыклары енгизилди. ал, Кенес курамына усылар менен бирге бирлеспеге караслы айрым акционерлик жәмийетлердиң бас ееапшылары, баклаў кеңесинин баслыклары да кирди.

Автомобиль транспорты тараўы экономикасының кер турде болыўы баскарыў курамын иске асырыў жузесинен жумысларды избе-излик пенен алып барыўды талап ететуғын еди. Темендеги карар буған жәрдем етти. "Озавтотранс" корпорациясы баскармасының 1995 жыл 17 ноябрьдеги №13 санлы карары менен мәмлекетлик-акционерлик бирлеспелери (концернлери), акционерлик жәмийетлери баскарыў органлары хаккындағы үлгили нызамлар тастыйыкланды. Баклаў Кенеслери, баскармалар хәм баска баскарыў органларында мәмлекет пайдаларын сәўлелендиретуғын корпорация хәм бирлеспелердиң хызметкерлери арнаўлы тайынланды. Кимге караслы екенлиги хам мүликшиликтин түрлерине байланыссыз автомобильде тасыўшылар ушын мыклы конкуренция орталығын кәлиплестириў максетинде автотранспорт ийелери кәрханалары автотранспорт хызметин лицензиялаў хәм баклап барыў хукыукына ийе болган автотранспорт инспекциясына зәрүрлик пайда етти. Бул машкала хәзир толык оз шешимин тапты. Каракалпакстан автомобиль транспортынын 70 жылдағы хызметлерин соз етип отырып, онын кәлиплесиў жылларындағы раўажланыў хәм хәзирги экономикалык. реформаларды избе-излик пенен иске асырыў хәм

теренлестириу жылларындағы хызметлери аркалы үлкен хүрметке боленген ветеранларды тилге алыў орынлы деп билемиз. Егер автотранспорт ветеранларының хәр бириниң оз дәуиринде ислеген бахалы хызметлерин, олардын жәмийет ўшын, халык. ушын келтирген пайдасын, омир жолларын тәриплеў жүрекке жағымлы хәм кеуилге конымлы болар еди.

Хәзир хүрметли дем алыстағы пенсионер ветеранларымыз арасында бурын бирлеепеде басшы хызметлерде ислеген, автокәрханаларға басшылык еткен, автокәрханаларда айдаўшы болып, слесарь болып, механик болып иелеп, халыктын алғысына боленген, озлеринин мазмунлы мийнетлериниң рахатин корип жасап атырғанлар копшилик.

Олардан бурын "Каракалпактранс" бирлеспесиниң басшысы болған Турғанбай Курбанов, жолаўшы тасыў болиминде ислеген Толебай Шанхиев, бурын Нокистеги №14 хам №51 автобазаларда, №19 автобус сарайында айдаўшы болып ислеген Жумамурат Шәмшетов, Тәжихан айтмуратов, Кыдырбай Палымбетов, Калбай Бердиханов, Молланияз Жуманиязов, Жалғас Бекбергенов, бурын Торткулдеги №115 автокерханада айдаўшы болып ислеген Машарип Якупов, Мадирейим Жуманиязов, Рахман аллабергенов, амет Кенжаев, Кутым Балтаев, Берунийдеги №42 автокарханада ислеген Калила Кутымов, Розум Раманов, Сабыр Кошанов, Шымбайдағы №40 автобазада айдаушы болып ислеген Сейдабулла Хабибуллаев, Дуйсенбай Сагратов, амет Есбергенов, аяп Худайбергенов хәм баска да жузлеген, мынлаған автотранспорт ветеранларын атап етиўге болады.

1939 жылы Торткул каласында шолкемлескен ККаССР жер Халык Комиссариатынын автотрактор мектебиниң шофер хаял-кызлар курсын 21 кыз болып биринши рет питкергенлерден жасап киятырған автотранспорт ветераны Тәжигул Абишева Шымбайда турады. Ол хаял-кызлар шоферлык курсын питкерип Торткүл МТСында автослесарь болып ислейди. Оннан кейин 1941-1947 жыллары Шымбайға келип артельде ислейди. 1948 жылдан баслап 1971 жылы пенсияға шыкканға шекем Нокистеги №51 автобазада

еўели жүк машинасын, соңынан автобус айдап елге хызмет етеди[31].

Республикамыз экономикасының «қан тамырлары» есапланған жоллардан бири автомобиль жоллары болып табылады. 1992 жылы февральда Өзбекстан автомобиль жолларын қурыў ҳәм оннан пайдаланыў мәмлекетлик акционерлик концерни «Ўзавтойул» дүзилди. Концерн қурамында Қарақалпақстан Республикасы ҳәм ўалаятлар автомобиль жоллары басқармалары, 162 туман автомобиль жоллары басқармалары,532 жолларды сақлаў ҳәм олардан пайдаланыў бөлими, «Ўзйуллойиҳа» республика автожол ҳәм қурылыслар қурыў, қайта қурыў ҳәм жойбарлаў бойынша изеотлеў институты, көпир-бетон қурылмалар заводы ҳәм басқа кәрханалар бар. Республикамыз раўадланған жол хожалығы ҳәзирги заман талапларына жуўап беретуғын халықаралық, республикалық, жергиликли әҳмийетке ийе болған автомобиль жолларға ийе. Автомобиль жолларының улыўма узынлығы 115 мың км дан артық. Улыўма пайдаланыўдағы автомобиль жолларының узынлығы 43,4 мың км, соның ишинде 3243 км халықаралық, 18801 км республикалық, 21439 км жергиликли әҳмийетке ийе болған автомобиль жоллар. Сондай- ақ республикада мәкемелер кәрханалар, жәмәә хожалықлары, хожалық шөлкемлерине қараслы автомобиль жоллары да бар.[32]

XX әсир басында журтымызда 27 мың км жоллар болып, олар тийкарынан ат-арба, кәрўан ҳәм жолаўшыларға мөлшерленген болып, соннан 2 мың км ге асфальт төселген еди. Республикамыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин бар автомобиль жолларын халықаралық талапларға келтириў, автомобиль жолларын сақлаў ҳәм қайта ислеў жаңа халықаралық магичстраллар менен байланыстыатуғын автомобиль жолларын қурыўға айрықша итибар берилди ҳәм берилмекте.

[31] Арал ызлары, 1993, N 3-4
[32] Ўзбекистон Миллий Энциклопедияси. Т., 1998, 138 бет

Ҳақыйқатында, қала ҳәм аўылларды, пүтин бир үлкелерди байланыстырыўшы автомобиль жоллары жәмийет турмысы ушын жүдә әҳмийетли факторлардан бири. Әдетте мәмлекетлердиң экономикалық потенциалына олардағы жоллардың аўҳалына қарап баҳа бериледи. Бул жоллардың сыпаты қәншелли жоқары болса, мәмлекетте соншелли тез раўажланады ҳәм бай болады.

Дүньяның төрт тәрепине алып барыўшы жолларға ийе болыў тек Өзбекстанның емес, бәлки Орайлық Азия ҳәм де Кавказдағы басқа мәмлекетлердиң де тилеги. Буның ушын ата-бабаларымыздан мийрас қалған әййемги жолларды тиклеў зәрүр.

XXI әсир басында транспорт раўажланған бир дәўирде алымлардың ҳәм дүнья жәмәәтиниң диққат итибарын белгили бир заманда итибардан шетте қалған ески кәрўан жолларға қаратылды. Қәнигелер қурғақлықтан өткен «Уллы жипек жолының» теңиз жолына қарағанда әдеўир артықмашлығын көрсетпекте. Өзбекстан ҳәм оның қатарында басқа Орайлық Азия республикаларының ғәрезсиз мәмлекет сыпатында пайда болыўы әййемги «жипек жолының» қайта тиклениўи ҳәм раўажланыўында әҳмийетли ўақыя болды десек қәтелеспеймиз. Президентимиз И.Каримов Өзбекстан барқулла саўда жоллары орайында болғанлығын бир неше мәртебе атап өтти.[33]

Ғәрезсиз республикамыз бул жипек жолының әҳмийетли бууўынын қурайды. Әййемги ўақытлары ҳәм ҳәзирде жипек жолын мәденияты

[33] И.Каримов Өзбекстан XXI әсир босағасында Ташкент, 1997, 227-276-бетлер.

раўажланған Ферғана оазиси, Ташкент алабы, Зарафшан ҳәм Қубла Арал бойларысыз көз алдыңа келтириў қыйын.

«Уллы жипек жолы» бүгин және бир мәрте тарийхый әҳмийетин таппақта. Тарийх ҳақыйқатында уллы муғаллим. Ол ХХ әсир бурынғаы жол ҳаққында ХХI әсирдеги адамларға сабақ бермекте. Буннан халық руўхый ҳәм экономикалық азық алмақта.

1993-жылы май айында Брюсселде Европа комиссиясы, Орайлық Азия ҳәм Кавказ мәмлекетлери, сондай-ақ, Европа Аўқамы мәмлекетлери ўәкиллериниң ушрасыўы болып өтти. Онда көзде тутылған мақсет, жаңа ғәрезсиз мәмлекетлер Орайлық Азия ҳәм Кавказ мәмлекетлериниң транспорт ҳәм комуникация системаларын раўажландырыў, Европа ҳәм Азияны бир бирине байланыстыратуғын, Европа-Кавказ-Азия транспорт тармағы – ТРАСЕКАны пайда етиў ҳаққында келисимге келинди. Мине усы халықаралық абройлы ушрасыў «Уллы жипек жолын» тиклеў бойынша әмелий қәдем болды.

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен берли шет ел мәмлекетлери менен экономикалық байланысларды кеңейтиў ҳәм раўажландырыў ушын сондай-ақ ишки үлкелердиңжолларын жақсылаў зәрүрлиги себепли транспорт комуникациялары бойынша үлкен жумыслары әмелге асырылмақта. Мәселен, мәмлекетимизди Пакистандағы Карачи порты менен автомабиль жолы архалы байланыстырыў, «Серахс-Мешхет» темир жолының қурылыўы ҳәм пайдаланыўға берилиўи, «Қоңырат-Бейнеў» автомобиль жолы қурылысы, «Ташкент-Андижан-Ош-Қашқар» автомобиль

жолының қурылысы, Поти-Баку-Туркменбашы-Ашқабат-Ташкент бағдарыың ашылыўы солардың ишине киреди.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында Қазақстан, Қырғызстан ҳәм Өзбекстан республикалары Россия ҳәм басқа сырт еллерге шығатуғын ең жақсы ҳәм ықшам Қоңырат-Бейнеў автомобиль жолын жалыўға келисип алған еди. Сан мың байлықлардың көзи саналған Үстирт кеңислигин басып өтип, атқаоатуғын хызмети жағынан дослық байланысларды беккемлеў менен бир қатарда бул жол экономикалық жақтан жүдә пайдалы. Қазақстан респубикасының шегарасына шекем 330 км. Қарақалпақстанлы жол қурыўшылардың пайына тийген. Келисим бойынша Қазақстан республикасыда өз тәрепинен усындай жолды салып тутастырыўы керек.

Қоңырат-Бейнеў автомобиль жолы 1996-жылдан баслап ылғаллы қурылыс майданшасына айландырылып, оған дәслепки ўақытлары Бухара, Қашқадарья ўалаятларының қурылысшылары да белсендилик пенен қатнасты. 1997-жылдың август айына шекем 80 млн. сумлық жумыс көлеми исленди. 1997-жылға келип барлық аўырманлық Қарақалпақстан жолшыларының мойнына түсти. Анық есаплаўларға қарағанда жолды толық питкерип пайдаланыўға бериў ушын 900 млн. қаржы ажратылыўы зәрүр болды. Бул жолдың қурылысы 50 км. ден Беруний-Шоманай-Қоңырат автомобиль жол қурылысы басқармаларына, сондай-ақ Нөкси жолдан пайдаланыў ҳәм Нөкис абаданшылық басқармаларына бөлип берилди.[34]

Қоңырат районлық автомобиль жоллар басқармасында 3 участка, 2 прораплық бөлим, асфальт таярлаў цехи болып, онда 150 жумысшы ҳәм

[34] Еркин Қарақалпақстан газетасы 1997-жыл, 30-августь,

инженер техниклер мийнет етти. 1998-жылы «Қарақалпақавтожол» брлеспеси Қоңырат районында Қоңырат-Бейнеў жолын ремонтлайтуғын «Үстирт жоллардан пайдаланыў» басқармасын дүзип, оның қараўына 328 км. жолды бекитти.[35]

1998-жылы Қоңырат-Бейнеў автомобиль жолы қурылысы бойынша 33 млн. сумға жақын жумыс көлеми орынланды. Жолдың 230 км. топырақ ултаны көтерилип, қыйыршық таслар төселди.

Қоңырат-Бейнеў халық аралық автомобиль жолынан басланып Барса-келмес дуз кәнине алып баратуғын жолдың узынлығы 12,6 км. ибарат, баҳасы 72,6 млн. сум. Бул жол 1998-жыл иске түсти.

Қоңырат-Бейнеў автомобиль жолын салыўда Хорезмли жол қурыўшылар да мийнет етти.[36]

Бүгинги күни Президентимиз И.Каримовтың басламасы менен бар автомобиль жолларды халық аралық талапларға қайта қурыў, жаңа қурылып атырған санаат районларын халықаралық магистрал жоллар менен байланыстыратуғын автомобиль жоллар қурыў тарийхый әҳмийетке ийе болады.

Муқәддес ҳадисте «жоллар қурыў, көпирлер қурыў уллы саўап ис» деп атап көрсетилгени әлбетте тосыннан емес.

Ғәрезсизлик жыллары Қарақалпақтранс басқармасында базар қатнасықларына сәйкес өзгерислер жүз берди. 1994-жылдан баслап

---

[35] Еркин Қарақалпақстан 1998-жыл 16-июнь.
[36] Еркин Қарақалпақстан 1998-жыл 31-декабрь.

«Қарақалпақтранс» өндирислик бирлеспеси «Қарақалпақтранс» мәлекетлик акционерлик бирлеспеси болып шөлкемлестирилди. Бунықң парқы соннан ибарат «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси хызметиниң тийкарғы ўазыйпалары етип төмендегилер белгиленди. Улыўма пайдаланыўдағы автомобиль троангспортынт ҳәр тәреплеме раўажландырыў: Улыўма пайдаланыўдағы авторпанспорт дүзиминде бирден-бир илимий-техникалық ҳәм инвестиция сиясатын өткериў, бирлеспе қурамына китрген кәрханалар ҳәм шөлкемлерди базар мүнәсибетлерине өтиўде, оларды акционерлик жәмәәтлик, ижаралық ҳәм басқа шөлкемлескен ҳуқықый формаларға өзгертиўге көмеклесиў.

Улыўма пайдаланыўдағы автотранспортта экономикалық өзгерислердиң биринши баскышы орынланды. Өткизилип атырған реформаларды избе-излик ҳәм басқышпа-басқыш алып бара баслады. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1994-жыл 21-январьдағы «экономикалық реформаларды жәнe де итереңлестириў жеке ийелениўдеги мүлк мәплерин қорғай ҳәм исбилерменликти раўажландырыў илажлары ҳаққында» ғы пәрманы шығыўы менен акционерлик жәмийетлери ашық түдеги ге айландырыла баслады. Мине усы пәрман шыққанан баслап «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси шөлкемлесип ҳәм оның қпараўындағы автокәрханалардың акционерлик жәмийетке өтиўи қолға алынды. Атап айтқанда 1994-жылдың 29-апрельинде Хожелидеги N25 авторанспорт кәрханасы «Кәрўан акционерлик жәмийети Нөкистеги N 120 авторанспорт кәрханасы “Боран” акционерлик жәмийети, Халқабадтағы N116 автотранспорт кәрханасы «Халқабад» акцимонерлик жәмийети, Нөкистеги N

108 авторанспорт кәрханасы «Тулпар» акционерлик жәмийети болып ордер болжды. Соңынан көп кешикпей-ақ 27-июль күни бирлеспениң өндирислик-техникалық тәмийнлеў басқармасы «Автоснаб» акционерлик жәмийети болды.[37]

Республика халық хожалығының барлық тараўлары ҳәм мәмлекет халқы зәрүрликлерин тәмийнлеў дәрежесинд раўажланған автомобиль, транспортына ийе. Халықү хожалығының санаат, аўыл-хожалығы, қурылыс, суў хожалғы, байланыс, саўда, ден-саўлықты сақлаў, коммуниаол хоалығы, мәдeният ҳәм басқа тармақоларда экономиаластырылыған дәсолепки автоpопнспорт кәрханалары ислеп тур.

1995-жыл Респубикада улыўма пайдаланылатуғын автомобиль транспортында жолаўшылар тасыўға арналған 14,7 мың автобус, 5 мыңнан көбирекжеңил такси машиналары иследи.

Республикамыз бойынша 2892 автобус маршурутларында солардан 593 қала, 1768 қала әтирапы, 532 қалалар-ара автобуслар қатнатп тур. Автобуслар менен ҳәр күни 5 млнға жақын жолаўшылар тасылды. Республикада 27 автовокзал, 120 автостанция хызмет көрсетеди. Тек қалалардағы автобус маршурутларында түрли маркадағы 3 мыңға жақын автобус қатнайды. 1995-жылы автобуслар да 1819,6 млн жолаўшы тасылады. Өзбекстан халық хожалығы тараўында түрли мақсетлерге арналған 200 мыңға жақын жеңил автомобиллер хызмет көрсетеди. Республикада пухаралардың жеке мүлкит болған 788,2 мың жеңил автомобиллер бар.

---

[37] «Айдын манзиллер» Х.Худайбергенов, К.Назбергенов. Т-97ж. 36-38 бетлер

Улыўма пайдаланылатуғын жүк ҳәм жолаўшылар тасыйтуғын автомобиль транспортының дәслепки кәрханалары «Өзавтотранс» мәмлекетлик акционерлик корпорациясы қарамағыа киреди. Корпарация 1993-жл январьда пайда болған. Корпарация қурамында акционерлер жәмийетлерине айландырылған жолаўшы тасыўды әмелге, асыратуғын 99 жүк тасыў менен шуғылланатуғын 99 ҳәм араласы 67 автокәрханалар бар. Бул автокәрханаларда 14 мыңнан артық автобус, 24,6 мың жүк автомобили болып, оларда 1995 –жылы 220,6 млн. тоннаға жақын жүк тасылды. Улыўма ттранспорт көлеминде, түрлеринде тасылған улыўма жүк көлеминиң 24,7% ин қурайды. Корпорацияның «Өзсыртқы транс» саўда-транспорт бирлеспеси ҳәм «Өз автотур» фирмасы халық ара жүк тасыў ҳәм жолаўшылар қатнаўы ушын хызмет көрсетеди. Кейинги жылларда корпарация халыққа авторанспорт хызмети көрсетиўин даўам етпекте. Қалалар арасында жүк тасыўды «Өз қала-ара транс» ислеп шығарыў бирлеспеси кәрханалары әмелге асырады.

Автомобиль транспорты дүзиминде «Жолаўшы» Өзбекстан акционерлик компаниясы жолаўшыларды тасыў мәнзилине жеткериў менен шуғылланады.[38]

1992-жылы 3-июльда Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Республикамызда автомобиль жоллары ҳаққында нызамы қабыл етилди. Усы нызамда Өзбекстан Республикасында автомобиль жолларын раўажландырыў ҳәм пайдаланыў тараўында жәмийетлик қатнасықларды ретлестириўдиң ҳуқық тийкарларын белгилеп береди. Бул

[38] УзбекистонРеспубликаси Иктисодиети. Т-1998. 138-139 б.

нызамға тийкарланып Қарақалпақстан Республикасында автомобиль жолларын раўажландырыў ҳәм пайдаланыў тараўындағы жәмийетлик қатнасықларды ретлестириўдиң ҳуқық тийкарлары Қарақалпакстан Республикасының нызамлары менен ретлестириеди. Автомобилть жоллары ҳаққында нызамлардың ўазыйпалары автомобиль жолларын жойбарластырыў, салыў, реконструкциялаў ҳәм пайдаланыў тараўындағы жәмийетлик қтнасықларды, сондай-ақ жол уйымлар, Өзбекстан Республикасының ишки ислер министрлигиниң мәмлекетлик автомобиль инспекциясы ҳәм жолдан пайдаланыўшылар арасындағы өз-ара қатнасықларды ретлестириў, мәмлекет, жәмийет халық мәплеринде жолларды ҳуқық жагынан қорғаў автомобиль жоллары ҳаққында нызамлардың ўазыйпалары болып табылады. Усы нызамның ҳәрекети Өзбекстан Республикасының барлық жолларына таратылады.[39]

«Қарақалпақтранс” акционерлик жәмийетине қараслы Хожелидеги “Кәрўан акционерлик жәмийетиниң таза пайдасы 1995-жылға келип 2515,2 мың сум болды, нәтийжеде 1 акциясына 480 сум 16 тийин дивиденд есапланады.

Нөкистеги “Тулпар” акционерлик жәмийетиниң 1995-жылдың жуўмағында таза пайдасы 378,1 мың сум болып, бир акцияға дивиденти 148 сум 17 тийиннан туўра келеди, акцияның номиналь бахасы 950 сум болды.

1995-жылы «Қарақалпақтранс” мәмлекетлик акционерлик бирлеспесинен 17 автокәрхана акционерлик жәмийетине өтти. Олардың кешлеў жылдың ақырына таман акционерлик жәмийет ордерин алғаны

[39] Еркин Каракалпакстан газетасы. 1992 жыл. 18-август

себепли сол жыл дивденд есапланады. Бирақ буның өзи бирлеспеде атқарылған жумыслар нәтийжесиз болды деген мәнисти аңлатады.

Ҳәзирги ўақытта «Қарақалпақтранс” мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң кәрханаларында 160 жүк автомобиль 809 автобус, 356 жеңил автомобиль ҳәм 138 хожалық машиналары жәмленген. Министрликлер менен ведомстваларлардың кәрханаларында да ҳәрекет қурамы әдеўир баршылық. Бирақ жүк тасыўларда, «Қарақалпақтранс” мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң кәрханалары транспортының әҳмийетли жоқары болды. Жолаўшылар тасўға келгенде болса, республикада бул исти улыўма пайдаланыўдағы автотранспорт дерлик толық дәрежеде өз мойнна алған. 1995-жылда 14380,6 мың тонна халық хожалық жүклери 72351,8 мың жолаўшы тасылды.

Бирлеспениң кем-кемнен қәлиплесиўинде алда турған ўазыйпаларды инабатлы орынлаўында қолда бар мүмкиншиликлерден өнимли пайдаланыўда әпиўайы мийнет адамлары болған өндирис алдыңғыларының салмақлы үлеслери есапқа алынып барылады. Сондай-ақ, мийнет адамларына күнделикли ғамхорлық етиў, жумыс ислеўине қолайлыклар туўдырыў, экономикалық жарысларды кең ең жайдырыў, хожалық басқарыў, ҳәкимшиликлери менен жәмийетлик шөлкемлердиң шөлкемлестириўшилик жумысларының нәтийжесини екенлигине де итибар бериледи. Мийнет адамларының да хожалық басқарыўшыларының да өндиристи раўажландырыўға қосқан үлеслери, олардың жәмийетлик мийнетке белсене қатнасқаны көзге түскен жағдайда олар үлкен ҳүрметке сазаўар болады. Яғный ҳүкимет наградаларына ҳүрметли атақларға усынылады.

«Қарақалпақтранс" мәмлекетлик акционерлик бирлеспесинде мине усындай ҳүрметли атақларға ийе болған автотранспортшылар көплеп табылады. Олардың айырымларының атларын атап өтиўди орынлы деп билемиз. Мәселен "Өзбекстан Республикасы транспортына мийнети сиңген хызметкер" атағына ийе әпиўайы автомобиль айдаўшылардың саны 15 тен асады. Олардан Маңғыттағы N 44 автотранспорт кәрханасының ремонт бойынша устасы Тура Курбанов Төрткулдеги N 115 автокәрхана айдаўшысы Атахан Розымбетова, Нөкистеги N 108 автотранспорт кәрханасының айдаўшысы Н.Хожабеков, Қоңыраттағы N 68 авторанспорт кәрханасының айдаўшысы Емберген Даўлетмуратов, Шымбайдағы N 40 автотранспорт кәрханасының айдаўшысы Дүйсенбай Саатов, N 2528 автоколонна айдаўшысы Калбай Худайназаров, Нөкистеги N 19 автобус, сарайының айдаўшысы Жумамурат Шамшетов ҳәм басқалар бар. Ал, Қарақалпақстан Республикасы автотранспортына мийнети сиңген хызметкер» атагына ийе адамлар бирлеспе бойынша 42 киси, «Өзбекстан Республикасының ҳүрметли автотрансортшысы» атағына ийе адамлар 39 киси, сондай-ақ бирлеспеде «Қарақалпақтрансына мийнети сиңген экономист атағын алған автотранспортшылар да бар. Олардан ҳәзир «Боран» акционерлик жәмийетиниң баслығы Мәдияр Исметов «Қанлы көл автокәрханасы» акционерлик жәмийетиниң баслығы Орынбай Мәмбетаминов ҳәм тағы басқалардың атлары мәлим. Соның менен қатар Қарақалпақстан автотрансорты тараўында хызмет етип, ҳәзирги ҳүрметли дем алыста жүрген көп санлы II жәҳән урыс ветеранлары менен мийнет ветеранлары халық арасында үлкен ҳүрметке ийе. Ҳәр бир автокәрхана жәмәәти ҳәм басшылығы оларды ҳәр жылы жаңа жыл, Наўрыз, Ғәрезсизлик ҳәм басқа да уллы

байрамларда кәрханаға шақырып үлкен ҳүрметлер көрсетеди, бәхалы затлар менен сыйлықланды. «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң кәрханалары гербиш заводларына, қаратаўдағы карверлерден қурылыс тасларын тасыў, Қоңыраттағы ири сода заводына қурылыс материалларын тасыў, пахта, салы, шигит, басқа да аўыл хожалығы өнимлерин тасыў жумысларын иске асырып киятыр. «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси улыўма пайдаланыўдағы автотранспорт миннетине жүкленген ўазыйпаларға муўапық базар экономикасын раўажландырыўға қаратылған республикада қабыл етилген қарарларды орынлай отырып, басқа бирлеспелер менен бирге өз кәрханаларын мәмлекет ийелигинен шығарыўға ҳәм меншиклестириўге кирислгенлиги жоқарыда да айтып өтилди.[40]

1996-жылға келип «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң ашық түрдеги акционерлик жәмийет типиндеги автокәрханаларының жумыс нәтийжелеринде, табыс табыў бойынша алып барылған илажларыда өткен жылларға салыстырғанда жақсылай баслағаны сезиледи. Буны сиз мынадай мағлыўматлардан билиўиңиз мүмкин.

Жүк автокәрханалары тәрепинен 1996-жыл 29 министрлик ҳәм 116 шөлкемлерге жүк тасыў бойынша дүзилген 236 шәртнаманың 100% орынланыўы тәмийинленди.

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң хызметин тутас көз алдына келтириўде барлық акционерлик жәмийетлердиң, кәрханалардың, шөлкемлердиң ҳәр айда ҳәр шеректе, ҳәр жыл сайын ҳәр

[40] «Айдын манзиллер». Х.Худайбергенов., К.Назбергенов. Н-1997 жыл. 39-40 -бетлер

тәреплеме жоба тапсырмаларды бәржай етип, экономикалық реформаларды тереңлестириўге ылайықлы үлес қосып киятырған басшы автотранспорт хызметкерлери менен таныстырыў орынлы деп билемиз. Бирлеспениң 1996-жыл үлкен табысларды қолға киргизиўде баслығы Әширбек Пирманов болған, Төрткулдеги N 115 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Қалымгерей Төрегалиев болған, Берунийдеги N 42 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Абылай Өтепбергенов болған Елликаладағы «Бостантранс» акционерлик жәмийетиниң, Нөкис қаласындағы баслығы Сәрсенбай Өтепбергенов болған N 2528 автоколоннасының баслығы Жарылқағанов болған «Нөкис таксомотор сарайы» акционерлик жәмийетиниң баслығы Нурабулла Жандуллаев болған Нөкис N 19 автобус сарайы акциоерлик жәмийетиниң баслығы Ғайрат Өтамбетов болған Нөкис «Тулпар» акционерлик жәмийетиниң баслығы, Абдижамий Жақсыбаев болған Хожели автобус таксомотор сарайы акционерлик жәмийетиниң бас инженери Жийенбай Арзиев болған Тахиаташ N 109 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Тәўекел Ждуанов болған Қараөзек N 91 акционерлик жәмийетиниң баслығы Қуўатбай Реймов болған Шоманай N 41 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Таңатар Садықов болған Халхабад акционерлик жәмийетиниң баслығы Абатжан Абдикаримов болғаен Тахтакөпир N 13 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Сәрсенбай Сайтов болған, Мойнақтағы N 15 АТК акционерлик жәмийетиниң баслығы Жолдасбай Аннақулов болған Шымбай N 40 АТК акционерлик жәмийетиниң қосқан үлеслери мол болды.

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесинде 1996-жылдың жуўмағы бойынша усы жоқарода атлары аталған

автокәрханалардың есап бетине 774141 мын сум, рентабеллик 11,2% қурайды. Бирлеспе автокәрхананың усындай мийнети нәтийжесинде "Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси «Өз авторанс» мәмлекетлик акционерлик корпорациясы бирлеспелери арасында экономикалық жарыста 1996-жылы бойы биринши орынды ийеледи.[41]

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң жоқары басқарыў органы етип, кеңеси белгиленген еди. Ол басқарманы сайлады. Басқарма Кеңес хызметкерлериниң санын ҳәм дүзилисин, мийнетке ҳақы төлеў дизимин, хызметкерлерди материаллық хошаметлеў шәрьлерин белгилейди. Бирлеспениң Кеңеси басқарма баслығын ҳәм оның орынбасарларын сайлады. Олар «Өзавтотранс» корпорациясы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңеси тәрепинен тасыйықланады.

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси басқармасының баслығы болып Х.М. Худайбергенов басқарма баслығының биринши орынбасары болып, П.С. Бекниязов, басқарма баслығының орынбасарлары болып К.М. Муратов (баслықтың жүк тасыў бойынша орынбасары) Х.У. Утениязов (баслықтың жолаўшы тасыў бойынша орынбасары) Т.А. Дошекенов (баслықтың экономикалық мәселелер бойынша орынбасары). К.А. Базарымбетов (баслықтың жол ҳәрекети ҳәм техника қәўипсизлиги бойынша орынбасары) тастыйықланды. Басқарма Президиумының қурамына булар менен қатар Ж.Б.Бердимуратов (автотранспорт хызметкерлери кәсиплик аўқамы Республикалық комитетиниң баслығы) А.П.Пирманов, (Төрткул N 115 АТК акционерлик жәмийети баслығы) С.О.Өтепбергенов (N 2528 автокәрхана баслығы) кирди.

[41] Сонда. 47-49 бетлер

Усы жерде бирлеспениң баскрма қурамы 34 адамнан, Кеңес қурамы 53 адамнан ибарат екенин айтып өтиў орынлы. Басқарма ағзалары қурамына бирлеспе басшылары, акционерлик жәмийетлердиң баслықлары, жәмийетлик кәрханалар менен мәмлекетлик мекемелердиң баслықлары енгизилди. Ал, Кеңес қурамына усылар менен бирге бирлеспеге қараслы айырым акционерлик жәмийетлердиң бас есапшылары, бақлаў Кеңесиниң баслықлары да кирди. Автомобилль транспорты, тараўы экономикасының ҳәр түрде болыўы басқарыў қурамын иске асырыў жүзесинен жумысларды из бетсизлик пенен алып барыўды талап ететуғын еди. Төмендеги қарар буған жәрдем етти. "Өзавтотранс" корпорациясы басқармасының 1995-жылы 17-ноябрьдеги N 13 санлы қарары менен мәмлекетлик-акционерлик бирлеспелери, (концернлери) акционерлик жәмийетлери басқарыў органлары аққында үлгили нызамлар тастыйықланады. Бақлаў кеңеслери, басқармалар ҳәм басқа басқарыў органларында мәмлекет пайдаларын сәўлелендиретуғын корпорация ҳәм бирлеспелердиң хызметкерлери арнаўлы тайынланды. Кимге қараслы екенлиги ҳәм мүмкиншиликтиң түрлерине байланыссыз автомобильде тасыўшылар ушын мықлы конкуренция орнатылыўын қәлиплестириў мақсетинде автотранспорт ийелери кәрханалары автотранспорт хызметин лициензиялаў ҳәм бақлап барыў ҳүқықына ийе болған транспорт инсекциясына зәрүрлик пайда етти. Бул машқала ҳәзир толық өз шешимин тапты.[42]

Ҳәзир ҳүрметли дем алыстағы пенионер ветеранларымыз арасында бурын бирлеспеде басшы хызметлерде ислеген, автокәханаларға басшылық

---

[42] К.М.Сидикназаров. У.В.Ахмедов. «Узбекистон автотранспорти утмишда ва истиклол йилларида» Т-2001 йил 183 -бет

еткен, автокәрханаларда айдаўшы болып, селесарь болып, механик болып ислеп, халықтың алғысына бөленген, өзлериниң мазмунлы мийнетлериниң рәҳәтин көрип жасап атырғанларда көпшилик. Олардан бурын «Қарақалпақтранс» бирлеспесиниң басшысы болған Турғанбай Қурбанов жолаўшы тасыў бөлиминде ислеген, Төлебай Шанхиев бурын Ноқистеги N 14 ҳәм N 51 автобазаларында, N 19 автобазаларында айдаўшы болып ислеген Жумамурат Шамшетов, Тажихан Айтмуратов, Қыдырбай Палымбетов, Қалбай Бердиханов, Молланияз Жуманиязов, Жалғас Бекбергенов, бурын Төрткулдеги N 115 автокәрханада айдаўшы болып ислеген Машарип Якупов, Мадрейим Жуманиязов, Рахман Алламбергенов, Әмет Кенжаев, Қутым Балтаев, Берунийдеги N 42 автокәраханада айдаўшы болып ислеген Қалила Қутымов, Розум Раманов, Сабыр Қощанов, Шымбайдағы N 40 автобазада айдаўшы болып ислеген Сейдабулла Ҳабибуллаев, Дуйсенбай Сағатов, Әмет Есбергенов, Аяп Худайбергенов ҳәм басқа да жүзлдеген мыңлаған автотранспорт ветеранларын атап өтиўге болады.[43]

Сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы автатранспортына өзлериниң көп ўақытлардан берли баҳалы мийнетлери менен танылып киятырған ҳаял-қызларымыз да ушырасады. Олардан ҳәзир жасы 80 нен асып кеткен, 1939-жылы Төрткүл қаласында шөлкемлескен автотранспорт мектебиниң шофёр ҳаял-қызлар курсын жигирма бир қыз болып биринши рет питкергенлерден жасап киятырған автотранспорт ветераны Тәжигүл Абишева Шымбайда турады. Ол ҳаял-қызлар шофёрлық курсын питкерип, Төрткүл МТСында автослесарь болып ислейди. Оннан кейин 1941-1947-жыллары Шымбайға келип Артельде ислейди. 1948-жылдан баслап 1971-жылы пенсияға

[43] Сонда. 183-184 –бетлер.

шыққанға дейин Нөкистеги №51 автобазада әўели жүк машинасын соңынан автобус машинасын айдап Қарақалпақстан республикасына көп жыллар даўамында хызмет етеди. Қарақалпақстан республикасы атотранспортына көп жыллардан берли қосқан мийнетлери ушын бул ветеран анамыз Тәжигүл Абишова ҳаялқызларымыз арасында үлкен табысларға ерисип Жоқарғы Кеңес тәрепинен сыйлықларға мияссар болды. Солай етип автотранспорт ветеранлары ҳәққында сөз еткенде «Қарақалпақтранс» бирлеспеси шөлкемлескен 1937-жылдан бери бирлеспени басқарған басшы ветеринлардың да атларын айтыў орынлы деп билемиз.

Атап айтқанда «Қарақалпақтранс» бирлеспесиниң ҳәр қандай жылларға гә министрликке бириктирилип гә өз алдына трест болып, басқарма болып, бирлеспе болып атларының өзгерип турғаны менен бәри бир оның төркини «Қарақалпақтранс» бирлеспеси болып табылады. Усы бирлеспенииң тырнағы салынған 1937-жылдан баслап 1940-жылға шекем оны Вульф Самуил Ельевич басқарған. Буннан соң 1940-1941-жыллары Калюжин Никита Василивич, 1940-53-жылларға шекем Жуков Васили Евстарьевич, «Қарақалпақтранс» акционерлик жәмийетиниң 1953-56-жылларыда Ибрагимов Суннат Ибрагимович, 1956-58-жыллары Камалов Қәллибек Камалович, 1958-59-жыллары Насыров Султанбай Насырович, 1959-62-жыллары Набиев Рашид Валиевич басқарып келген. Кейининен 1962-65-жылларда Исаков Михаил Константинович, 1965-67-жылларда Татыбаев Еркин Балтабаевич, 1968-87-жыллары Юсупов Мыңбай Қәлендерович, 1987-95-жыллары Шамуратов Жолдас Жапақович басқарып келди. Ал 1995-жылдан баслап ҳәзирги күнге шекем «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик

акционерлик бирлеспесин Худайбергенов Хабийбулла Маткаримович басқарып киятыр.

«Қарақалпақтранс» акционерлик бирлеспеси жәмәәти Қарақалпақстанға автомобильдиң биринши келиўине 70-жыл, «Қарақалпақтранс» бирлеспесиниң дүзилиўине 60-жыл толыў юбилейине үлкен таярлықлар көре баслады. Бирлеспеге қараслы барлық авто кәрханалар менен шөлкемлердиң тутас жәмәәтлери өзлериниң юбилей жыл деп есапланған 1997-жылды өндирислик тапсырмаларды инабатлы бәржай етиўи менен автокарханаларға зәрүрли қурылысларды қолға алып, оларды юбилей алдынан питкерип пайдаланыўға бериў менен ылайықлы күтип алыў ушын ат салысты.

Қарақалпақстан Республикасы автотранспорт тараўы хызметкерлериниң аўызбиршилик пенен көпшилик жәмәәт жәм болып, бир мақсетте мийнет етиўи арқасында 1997-жылдың басынан баслап барлық өндирислик көрсеткишлер орынланып, жобаластырылған қурылыс обьектлери өз ўақтында исленип атыр. Атап айтқанда 1996-жылдың жуўмағында бирлеспе тараўларында қурылыс жумыслары әдеўир дәрежеде орынланып еди. Мәселен: Нөкис қаласындағы 500 орынлық жаңа заманагөй автовокзалдың қурылысы басланып, 8 миллион 500 мың сумлық қурылыс жумыслары алып барылды. Шымбайдағы №40 АТК акционерлик жәмийетинин кәрханасын реконструкциялаў, Маңғыттағы №44 АТК акционерлик жәмийетлериниң өндирислик жайын, автомобильлерге май қуйыў станциясына бастырмалар салыў жумыслары алып барылып атыр. Қараөзектеги №91 АТК акционерлик жәмийетиниң автотранспортшылары ушын 16 квартиралы турақ жай қурылыслары қызғын пәт пенен жүргизиле баслады. Сондай-ақ 1997-жылы усы қурылыс обьектлерин иске түсириў ҳәм Хожели қаласынан автосервис орайын пайдаланыўға бериў илажлары қолға

алынды. Аты аталған қурылыс обьектлери юбилей ҳүрметине питкерилетуғынлығы айқын. Усылар менен бир қатарда Нөкистеги «Боран» акционерлик жәмийетинде 12 квартиралы турақ жай, №2528 автоколоннада мийманхана, Тахтакөпир менен Қараөзекте өндирислик корпус, бирлеспениң кеңсе жайының әтирапын гүллендириў менен ишки ири ремонт жумыслары юбилей күнине шекем толық питкериледи. «Қарақалпақтранс» бирлеспесиниң 60 жыллық юбилейине арналып, бирлеспениң 1997-жылдың биринши шерегиндеги жумысларының нәтийжелери ҳәм тараўда экономикалық реформаларды теренлестириў ўазыйпалары менен жуўмақланды. Базар экономикасына өтиў дәўиринде 1997-жылда қабыл етилген бирлеспе кәрханалары жумысларын турақластырыў ҳәм оның нәтийжелигин арттырыў басқармасының қабыл етилиўи ҳәм жумыс барысында орынланыўы Республикалық жәмийетлик автотранспорт сиясатының дурыс бағдарда раўажланып атырғанлығын көрсетип атыр. Мәлим болғанындай, баар экономикасына өтиў мәселесин табыслы шешиў бойынша қабыл етилген иләжларды ҳәр тәреплеме иске асырыўда қатаң нызамлар талап етиледи. Бул «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң баркулла дыққат орайында болып киятыр. Бирлеспе тәрепинен автохожалықларда базар экономикасы жағдайына өтиўи бойынша берилген жумыслар исленди. Бирлеспе қурамында 22 автотранспорт акционерлик жәмийетлери, 2 жәмийетлик ҳәм 4 мәмлекетлик автомобиль хожалықлары болып олар тийкарынан Өзбекстан Республикасының ишинде қарийдарлар менен дүзилген контракт ҳәм шәртнамаларға муўапық жүк ҳәм жолаўшылар тасыў жумысларын орынлайды. Улыўма бирлеспениң тийкарғы мақсети Республика халық хожалығы тараўларының жүк тасыўға болған талабын

қанаатландырыўы, жолаўшы тасыўшы автотранспорт ритмлигин тәмийнлеў ҳәм хызмет көрсетиў мәдениятын арттырыў, өндирис потенциалынан нәтийжели пайдаланыў жанармай, майлаў материаллары ҳәм басқа да керекли аўсық бөлеклерден үнемли пайдалана отырып бирлеспе кәрханаларының турақлы жумысын тәмийнлеў тараў хызметкерлерин социаллық жақтан қорғаўды тәмийнлеў, олардың турмыс шәраятларын жақсылаў, автокарханаларға экономикалық реформаны басқышпа-басқыш енгизиў ҳәм мәмлекет ийелигинен шығарыў илажларының толық орынланыўына қаратылған. «Қарақалпақтранс» бирлеспеси карханаларында экономикалық реформаларды тереңлестириў бағдарламасында 1997-жылдың биринши шерегинде нәзерде тутылған ўазыйпалар тийкарында орынланды. Экономикалық реформаларды тереңлестириў, мәмлекет ийелигинен шығарыў ҳәм меншиклестириў илажлары избе-из әмелге асырылмақта. Бирлеспе автокарханалары тәрепинен 1997-жылы биринши ярымында 28 министрлик, 170 шөлкемлерге жүк тасыў бойынша дүзилген шәртнамалардың 100 пайыз орынланыўы тәмийнленди. Улыўма 3505,2 мын тонна халық хожалық жүклери тасылды. Бул тапсырмаға салыстырғанда 101,0 % өткен жылдың тийисли дәрежесине салыстырғанда 100% болды. Соның ишинде акционерлик автокарханалар 3241,2 мың тонна халық хожалық жүклерин тасыды. Бул тапсырмаға салыстырғанда 100,4% болды. 18862 мың жолаўшы тасылды, тапсырма 100 % ке орынланды, оны өткен жылдың дәрежесине салыстырғанда 100,4 % артығы менен орынлады.

Автотранспортлардың барлық түрлеринен парктен пайдаланыў коэффицентлери де 104,3-109,3 % болды. 1997-жылдың биринши шерегиниң жуўмақлары бойынша айырым акционерлик жәмийетлерде таза пайда болып,

дивидентлерди көбейтиўге ерисилди. Атап айтқанда Нөкистеги «Боран» акционерлик жәмийети 1463,.3 мың сум таза пайда алып, 841,5 мың сум дивидент төлемлерине ажыратты. Бир акцияға туўры келген дивидент муғдары 529 сум болды. Шымбай №40 АТК акционерлик жәмийети 1798,2 мың сум таза пайда алып 1025,0 мың сум дивидентлерге ажыратылды. Ҳәм бир акцияға 163 сумнан дивидент берди. Ал Қоңырат қаласы №63 АТК акционерлик жәмийети, 1693,3 мың сум таза пайда алды ҳәм 964,6 мың сум дивидент төлемлерин ажыратты. Ол акцияға 241 сумнан туўры келди.

. Республикамыз ғәрезсизликти қолға киргизиўи менен елимизде усындай көплеген саўаплы ислерге қол урылды ҳәм экономиканың қан тамыры болған «Қарақалпақтранс» Мамлекетлик акционерлик жәмийетиниң дүзилгенине 2002-жыл октябрь айының ен соңғы екшембисинде 65 жыл толды.

«Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспеси орынлайтуғын үлкен тапсырмалар ҳәм машқалалар өз ўақтында орынланып киятыр. Соның менен қатар хожалық хызметинде өз орнын тапқан имканиятларда айрықша итибарға алынбақта. Автотранспортлар алдында келешекте экономикалық өзгерислер сынағы турыпты. Усы сынақлардан мәрдана өтиў автомобиль жол хызметкерлериалдындағы ўазыйпа болып қалмақта.

Устүрт кеңислиги арқалы әмелге асырылып атырған «Уллы жипек жолы» бағдарының питкерилиўи менен елимиз арқалы Орта Азияны Европа менен байланыстыратуғын транспорт артериясына негиз салынады. Бул елимиздиң сиясий, социал-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына, шет еллер менен байланыслардың күшейиўине кең мүмкиншиликлер жаратып береди.

# Ж У Ў М А Қ Л А Ў

«Каракалпактранс» бирлеспе курамында 22 автотранспорт акционерлик жамийетлери, 2 жамаатлик хам 4 мамлекетлик автомобиль хожалыклары болып, олар тийкарынан Озбекистан Республикасынын ишинде карыйдарлар менен дүзилген контракт хам шəртнамаларға муўапык жүк хəм жолаўшылар тасыў жумысларын орынлайды.

Улыума бирлеспениң тийкарғы максети Республика халык. хожалығы тараўларының жук тасыўға болған талабын канаатландырыўы, жолаўшы тасыўшы автотранспорт ритмлилигин тамийинлеў хам хызмет корсетиў маданиятын арттырыў, ондирис потенциалынан натийжели пайдаланыў, жанар май, майлаў материаллары хəм баска да керекли аўысык. белеклерден үнемли пайдалана отырып, бирлеспе карханаларының тураклы жумысын тəмийинлеў, тараў хызметкерлерин социаллык. жактан корғаўды тəмийинлеў, олардын, турмыс шəраятыларын жаксылаў, автокəрханаларға экономикалык. реформаны баскышпа-баскыш енгизиў хам мəмлекет ийелигинен шығарыў илажларының толык орынланыўына каратылған.

"Каракалпактранс" бирлеспеси кəрханаларында экономикалык. реформаларды тереңлестириў бағдарламасында 1997 жылдың, биринши шерегинде назерде тутылған ўазыйпалар тийкарынан орынланды. Экономикалык. реформаларды тереңлестириў, мамлекет ийелигинен шығарыў хам меншиклестириў илажлары избе из амелге асырылмакта.

«Каракалпактранс» мəмлекетлик акционерлик бирлеспеси орынлайтуғын жумыслар, жокарғы органлардың тапсырмалары бирлеспе тараўларында хəр кашан оз ўактында хəм толык орынланып киятыр. Сонын менен катар хожалык хызметинде оз орнын тапкан жаркын кымбатлы имканиятлар да айырыкша коринеди. автотранспортшылар алдында болса, келешекте экономикалык озгерислер сынағы турыпты.

Қарақалпақстан Республикасы автотранспорт тараўы хызметкерлериниң аўызбиршилик пенен көпшилик жәмәәт жәм болып, бир мақсетте мийнет етиўи арқасында 1997-жылдың басынан баслап барлық өндирислик көрсеткишлер орынланып, жобаластырылған қурылыс обьектлери өз ўақтында исленип атыр. Атап айтқанда 1996-жылдың жуўмағында бирлеспе тараўларында қурылыс жумыслары әдеўир дәрежеде орынланды. Мәселен: Нөкис қаласындағы 500 орынлық жаңа заманагөй автовокзалдың қурылысы басланып, 8 миллион 500 мың сумлық қурылыс жумыслары алып барылды. Шымбайдағы №40 АТК акционерлик жәмийетинин кәрханасын реконструкциялаў, Маңғыттағы №44 АТК акционерлик жәмийетлериниң өндирислик жайын, автомобильлерге май қуйыў станциясына бастырмалар салыў жумыслары алып барылды Қараөзектеги №91 АТК акционерлик жәмийетиниң автотранспортшылары ушын 16 квартиралы турақ жай қурылыслары қызғын пәт пенен жүргизиле баслады. Сондай-ақ 1997-жылы усы қурылыс обьектлерин иске түсириў ҳәм Хожели қаласынан автосервис орайын пайдаланыўға бериў илажлары қолға алынды. Аты аталған қурылыс обьектлери юбилей ҳүрметине питкерилетуғынлығы айқын. Усылар менен бир қатарда Нөкистеги «Боран» акционерлик жәмийетинде 12 квартиралы турақ жай, №2528 автоколоннада мийманхана, Тахтакөпир менен Қараөзекте өндирислик корпус, бирлеспениң кеңсе жайының әтирапын гүллендириў менен ишки ири ремонт жумыслары питкерилди. «Қарақалпақтранс» бирлеспесиниң 60 жыллық юбилейине арналып, бирлеспениң 1997-жылдың биринши шерегиндеги жумысларының нәтийжелери ҳәм тараўда экономикалық реформаларды теренлестириў ўазыйпалары менен жуўмақланды. Базар экономикасына өтиў дәўиринде 1997-жылда қабыл етилген бирлеспе кәрханалары жумысларын турақластырыў ҳәм

оның нәтийжелигин арттырыў басқармасының қабыл етилиўи ҳәм жумыс барысында орынланыўы республикалық жәмийетлик автотранспорт сиясатының дурыс бағдарда раўажланып атырғанлығын көрсетип атыр. Мәлим болғанындай, баар экономикасына өтиў мәселесин табыслы шешиў бойынша қабыл етилген иләжларды ҳәр тәреплеме иске асырыўда қатаң нызамлар талап етиледи. Бул «Қарақалпақтранс» мәмлекетлик акционерлик бирлеспесиниң барқулла дыққат орайында болып киятыр. Бирлеспе тәрепинен автохожалықларда базар экономикасы жағдайына өтиўи бойынша берилген жумыслар исленди.

Устүрт кеңислиги арқалы әмелге асырылып атырған «Уллы жипек жолы» бағдарының питкерилиўи менен елимиз арқалы Орта Азияны Европа менен байланыстыратуғын транспорт артериясына негиз салынады. Бул елимиздиң сиясий, социал-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына, шет еллер менен байлданыслардың күшейиўине кең мүмкиншиликлер жаратып береди.

## Пайдаланылған әдебиятлар ҳәм дереклердиң дизими

### I.Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың пәрманлары ҳәм мийнетлери


1. Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Автомобиль жоллары ҳаққында» 1992-жыл 3-июльдеги Пәрманы

2. «Өзбекстан Темир жоллары» Мәмлекетлик Акционерлик темир Компаниясын дүзиў ҳаққында Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1994-жыл 5-ноябрьдеги Пәрманы.

3. Каримов И.А. «Өзбекстан экономикалық реформаларды тереңлестириў жолында». Нөкис, «Қарақалпақстан»-1997-жыл.

4. Каримов И.А. «Жаңаша ойлаў-дәўир талабы». Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы. 1997-жыл.

5. Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында: Қәўипсизликке қәўип, турақлылық шәртлери ҳәм раўажланыў кепилликлери. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1998-жыл.

6. Каримов И.А. «Өз келешегимизди өз қолымыз бенен қурып атырмыз. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы. 1999-жыл

7. Каримов И.А, «Бизиң бас мақсетимиз -жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизациялаў ҳәм реформалаў». Ташкент, «Ўзбекистон» нашриёти, 2005.


### II. Әдебиятлар;


1. Елмуратов Ы, Гришанович А, «Қарақалпақстанда ҳаўа транспортының пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан» Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1998-жыл.

2. Камалов Қ. «Ел хызметинде» (еске түсириўлер) Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1995-жыл

3. Камалов С.К., Қощанов Б.А. Прооблемы истории XX века» Вестник ККОАН Руз. 1996 г. N 2

4. Камалов Т.К., Умаров Е.К, «Некоторые прооблемы развития транспорт в Каракалпакии» Нукус, 1970-г.

5. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2003-жыл.

6. Рахманов К, «Бахт йўли» Урганч 1989 йил

7. Сейтимбетов М. «Қарақалпақстанда темир жол қурылысының тарийхынан». Нөкис, 1993-жыл

8. Сидиқназаров М, Ахмедов, «Ўзбекистон автотранспорти ўтимишда ва истиқлол йиллларида» Тошкент, 2001-йил.

9. Ўзбекистоннинг янги тарихи. Учинчи китоб. «Мустақил Ўзбекистон тарихи» Тошкент, 2000 й.

10. Ўзбекистон  автомобиль транспорти Давлат Акционерлик Корпорациясы. Тошкент, 1999 йил

11. Ўзбекистон Республикаси иқтисодиети. Тошкент, 1998 й.

12. Худайбергенов Х, Назбергенов К, «Айдын мәнзиллер» Ташкент, 1997 жыл.

**Баспа сөз материаллары:**

1. «Авто ҳамрох» журнали. Тошкент, 1999 йил. N 11-12 сон
2. «Арал қызлары» журналы. Нөкис, 1993 жыл N 3-4
3. «Вести Каракалпакстана» 1994 год. 29-январь
4. Еркин Қарақалпақстан газетасы 1994 жыл. 2-август
5. Еркин Каракалпасктан газсетасы. 1995 жыл. 5-август
6. Еркин Каракалпакстан газетасы. 1996 жыл. 31-август
7. Еркин Каракалпакстан газетасы 1998жыл, 16-январь
8. Еркин Каракалпакстан газетасы 1999 жыл, 23-октябрь
9. Еркин Каракалпакстан газетасы 199жыл, 2-ноябрь
10. Еркин Каракалпакстан газетасы 2000жыл, 5-сентябрь
11. Еркин Каракалпакстан газетасы 2001жыл, 1-январь
12. Еркин Каракалпакстан газетасы 2001жыл, 27-январь

13.Еркин Каракалпакстан газетасы 2001жыл, 16-февраль
14.Еркин Каракалпакстан газетасы 1997жыл, 30-август
15.Еркин Каракалпакстан газетасы 2202жыл, 23-январь
16.«Ишонч» газетаси 200 0й. 1-январь
17.«Ишонч» газетаси 200 4й. 18-февраль
18.«Ишонч» газетаси 200 4й. 13-март
19.«Ишонч» газетаси 2004 й. 30-март
20.«Ишонч» газетаси 200 4й. 30-март
21.«Крылья Узбекистана» 1999 год. 8-декабрь
22.«Каракалпакстан» журналы, Нөкис, 200-жыл N5-6
23.«Правда Востока» 2000 год 28-апрель
24.«Правда Востока» 2000 год 8-декабрь
25.«Узбекистон қанотлари» 1994 йил. 25 май.
26.«Халқ сўзи» 1998 йил. 18-сентябрь
27.«Халқ сўзи» 2002 йил, 24-январь
28.Халқ сўзи. 2002-йил. 29-январь